# Инхоса ГІали-ХІажи - 180 сон

Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого, лъилъе, нилъ гьечІого хур.
Инхоса ГІали-хІажи


www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета





№ 38-39 (6968-6969) 29 октябрь 2025 с. АрбагI Жумадул авал 1447 с. Багьа - эркенаб




**ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,**
**ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро.**

Инхоса ГIали-ХIажи

**НОМЕРАЛДА РУГО:**

**КIкIуй эхеде цIала, цIад бехе уна, Хайир киналъ кьолеб, ракьалда гьикъе**



-2 гьум.

**ГIакълудал ралъад**



-3-5- гьум.

**Макка бахъиялъул турки**



-6-8- гьум.

ИНХОСА ГIАЛИ-ХIАЖИЯС 180 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# КIкIуй эхеде цIала, цIад бехе уна, Хайир киналъ кьолеб, ракьалда гьикъе

## Къалам, дуца щуре щакъиялдехун...

**Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал, бакълъулал, миллатцоял, районцоял, ракьцоял! Бакълъулазул басмаялъул гьаб номер буго Дагъистаналъул адабияталъе кьучI лъуразул цояв, гIалим, гIакъил, классик, философ Инхоса ГIали-ХIажияс 180 сон тIубаялде хас гьабун биччараб. Исанасеб сон Бакълъул районалда лъазабун буго Инхоса ГIали-ХIажиясул сонлъун. Февралалда МелъелтIа тIобитIана «БагIарбилил хъала» абураб республикаялъул фестиваль. Маялда ТIад Инхо росулъ гьабуна шагIирасул ва гIалимасул асарал рикIкIиналъул къец. ЛъагIалица республикаялда унеб буго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул авар секциялъ лъазабураб «Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал цIалулел руго» абураб акция.**

**МугIрул гIадин чIарал гIадамаз гурищ
ГIададисеб хабар ничлъун рикIкIунеб?**

МахIачхъалаялда, Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда ана «Рагъе балагьарас гьаб гьаржалъул кIул» абараб гургинаб стол. Расул ХIамзатовасул цIар кьураб республикаялъулаб литературияб музеялъур тIоритIана Инхоса ГIали-ХIажияс 180 сон тIубаялда хурхарал анцIидаса цIикIкIарал тадбирал. Республикаялъулаб «Гьудуллъи» журналалъул исанасеб тIоцебесеб номер сайгъат гьабун буго Инхоса ГIали-ХIажиясе. Гьеб номералъул гIемерал экземплярал рикьана батIи-батIиял тадбиразда ва росабалъ. Классикасул асарал цIалиялъул къоял унел руго магIарул



районазул школазда.

Инхоса ГIали-ХIажияс 180 сон тIубай Дагъистаналда тIобитIулеб бугеб куцалъул хIакъалъулъ макъалаби рахъана федералиял сурсатазда: Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул сайтазда, ТАССалда ва гь.ц. Гьесул хIурматалда мажлисал гьарулел руго Дагъистаналъул Муфтияталъ. Макъалаби хъван, асарал цIалиялъул акциял гьарун, шагIирасул рухIияб ирс цIиял гIелазда лъаялъе квербакъулеб буго республикаялъул магIарулазул «ХIакъикъат» басмаялъ ва цоги идарабаз.

Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал данде гьариялъе, басмаялда рахьиялъе, гьесул гIумру лъазабиялъе кIудияб хIалтIи гьабуна ЧIохъа МухIамадмирза Мавраевас, Аргъваниса ГIабдулатIип Шамхаловас, Инхоса ГIусман-хIажи МухIамадовас, Дагъистаналъул халкъиял шагIирзаби ГIабасил МухIамадица, МухIамад АхIмадовас, академик ХIажи ХIамзатовас, профессор Сиражудин ХIайбулаевас ва гIемерал цогизадри. Гьезие алжан насиблъаги, Инхоса ГIали-ХIажиясул бара-



кат камун хутIугеги.

**Лочнол гьумер гьунин, гьадил гьунаралъ
Гьулдулъ рахчун ругел чундул ккеларо.**

Инхоса ГIали-ХIажи вуго цогидаздаса батIияв, такрарлъи гьечIев, бергьун кIудияб гьунаралъул шагIир.



Гьесул цIар буго Гомерил, Шекспирил, Пушкинил цIаразда гьоркьоб. МагIарул миллаталъе, дагъистаниязе кIудияб кIвар ва чIухIи буго нилъер Инхоса ГIали-ХIажи вукIин. Щукру Аллагьасе, Инхоса ГIали-ХIажи нилъее кьуралъухъ. Баркала буго инхдерил ракьалъе, бакълъулазул свериялъе гьединав инсан гIезавуралъухъ.

**РачIа цоги нухалъ гIенеккизин шагIир, гIакъил, классик Инхоса ГIали-ХIажиясухъ.**

***
ГьалбацIалъул боснов бис кьинлъаниги,
Къадру борхиларо, пахруяв лачен.
Лочнол гьумер гьунин, гьадил гьунаралъ
Гьулдулъ рахчун ругел чундул ккеларо.
***
Пихъ цIикIкIани, гIаркьел гIодобе цIалин,
ГIаданго щвечIевищ дур чIоло къазе?
ЧIобогояб дадги дунин ахIдолин,
Дуда чаран лъезе чиго ватичIищ?
***
ГIелму-хIикматалъул хIалбихьаразе
ХIалхьараб рукъ буго, дица гьабураб.
Дирго ракI бахилаб борхалъиялда
Бараб кIалгIа буго кIварас къачIазе.
***
ГIелмуялъ абураб нусгоясдаса
Насаб диде бугев цо чи лъикIилан;
Азарго турараб таргьаялдаса,
Тункун гIарцул цIураб цо лъикI гурищан.
***
ГIелму-хазинайин хвелго гьечIеб жо,
Ханзабаздаги тIад хIукму гьабулеб.
***
БоцIи-рикъзияли рагIад гIадаб жо,
Радал къарарлъулеб, къаде тIагIунеб.
ТIалъиян абуни, балагьазул гIор,
Балагьани – щолеб, щварав гьанкъулеб.

***
Радалиса цо чи цин ханлъун тола,
Цинги, гудралги ран, гвандинив лъола.
Нухда унел чагIи чанги рагIана,
Чунтбухъ бугеб боцIухъ мацIица чIварал.
***
ТIабигIат берцинав цо гIалимасул
Нусго жагьиласухъ цо рас кьеларо.
***
Дирго гьечIеб чилъи чидай малъани,
Чан бугьтандай чIвала дун пакъирасда?
РекIелъ гьечIеб къуват къалмида лъуни,
Къимат щибдай кьела дие гIадамаз?
***
МугIрул гIадин чIарал гIадамаз гурищ
ГIададисеб хабар ничлъун рикIкIунеб?
***
Холеб рагIул бетIергьан гьудуллъунги гьавуге,
ГьечIони рес гьабулев гьудул рехунги тоге.
***
БахIарчи рагъда хола, рухI кьун, ВатIанги цIунун,
ХIалихьат боснов хола, халкъалъул рогьо баччун.
***
Цо дир кIалъаялдасан кIиго магIна бичIчIулев
КIал пасихIав чиясе чан жавгьар гьаниб бугеб.
* * *
ХьвагIараб хвалчаца чаран кьотIулел
Чамасул квералдай ракьулъе ккарал.
Кверал кьотIаниги, къали багъулеб
Къиматаб чан бетIер чабхилъ тIупараб.

* * *
ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
* * *
Гьерсил чода рекIарав хехго гьоркье рещтIуна,
Цинги лъелго вилълъине хIатIида гIицIго ккола.
***
ТIубачIел кьоязде ккун, Кьарунил мал ккуниги,
Ахир дуе кьолеб жо цо кьогIаб лъълъар хвелалъул.
Къайсарил мулк кодобгин Кисрал тах мерхьаниги,
Ахир босун унеб жо анцIго натI мусруялъул.
***
Найица тIегь кванала, тIотIоца гьвес кванала,
Бичасул хIикматадда дун цIакъ тамашалъула.
Гьосалъ букIун, тIотIоца тIогьолъ бугеб найиде,
Дун лъаларищ, гьвел роцан, рогьо къабихIаб бала.
***
Лъураб бугьтан рихун, хвезе вахъунге,
Пихъ гьечIеб гьотIода тIил речIчIуларин.
ТIадагьаб къавмалъул къил-къвал цIехоге,
ЦIамул гьирал рецIцIун, гьоцIо кьоларин.
***
Гьосол кьвачIа баччун кьоял унев чи,
Авал-ахир кIочон, кIалъазе лъълъуна.
КIкIуй эхеде цIала, цIад бехе уна,
Хайир киналъ кьолеб, ракьалда гьикъе.
***
ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,
ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро.

Аллагьас бергьараб гьунар кьурав гIалим, шагIир, вали Инхоса ГIали-ХIажиясул цониги жагьалаб мухъ ва рагIи гьечIо. Гьесул щибаб калам ккола цIакъ гьва-



ридаб, дунялги ахиратги ричIчIизе рес кьолеб, инсан кантIизавулеб рагIи. Гьесул асарал халкъалда рекIехъе лъала, гьев вуго унго-унголъунги халкъияв шагIир ва гIалим. Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал лъугьана хIакълъунги халкъияллъун, гьел сверана кицабазде ва абиязде. Инсаниятаялъул цIи-цIиял гIелазе тавпикъ кьеги Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал цIализе ва гьезул магIна босизе. Баркула цоги нухалъ Инхоса ГIали-ХIажиясул сон, гьес 180 сон тIубалеб сон. Биччанте нилъер рекIелъ щибаб сон, щибаб сордо-къо рукIине Инхоса ГIали-ХIажиясул соналлъун ва сордо-къоялъун. Гьеб мехалда нилъ киданиги мекъи ккезе гьечIо.

**Инхоса ГIали-ХIажи
(поэмаялъул къатIра)**

1.
Рогьалил как буго росулъ ахIулеб,
ГIали-ХIажи какде вуго вачIунев.
КIичI-кIичIарал къватIал, ТIад Инхо росу,
Гьасул нух – хирияб мажгиталъубе.

Буго гьасде кьулун цIвабзаз цIураб зоб,
ЦIияб кьо гвангъизе заман щун гьечIо.
Щибго хисулареб КьутIпу цIва буго
Къалмил устарасул нухде балагьун.

Нусго пикру буго беролеб рекIелъ,
Руго гьас щурулел шигIрудул мухъал.
Щибаб каламалъулъ – океан, махлукъ,
Буго тIобитIулеб хIакъаб нухде халкъ.

КьотIносан унаго, ГIали-ХIажие
Буго салам кьолеб росдал гIадамаз.
ЖамагIат как базе бачIунеб буго,
МугIрул росу гьале борчIулеб буго.

ЧIухIи лъалареб ракI хIалтIулеб буго,
ГIали-ХIажи жиндир пикрабалъ вуго,
РагIаби кIутIбуца щурулел руго,
ШигIраби халкъалъе рижулел руго…

**ХIамзат ГIизудинов**

**ИНХОСА ГIАЛИ-ХIАЖИЯС 180 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**МухIамад АхIмадов**

# ГIакълудал ралъад

**ГЬИТIИНАБГО ЦЕБЕРАГIИ**

АнцIила ичIабилеб къарнуялъул кIиабилеб бащалъи Инхоса ГIали-хIажиясул гьунаралъул бакъалъ къалъизабураб, «гIакълудул ралъадалъ» бечед гьабураб, рокьул шигIрабаз пана гьабураб, сатираялъул кучIдуз кантIизабураб, насихIатиял назмабаз заман рагьараб, кицабиял алфазаз даимлъи кьураб буго аваразул адабияталъе

ГIали-хIажияв вуго шагIир.

ГIали-хIажияв вуго гIалимчи.

ГIали-хIажияв вуго диналъул хIуби.

ШагIир, гIалимчи, динияв чи... Гьелъ гIемераб балъголъи рагьула нилъее: гьелъ бицуна рухIияб дунялалъул гьварилъиялъул, гьелъ борцуна гIакълуялъул борхалъи.

ВатIанги халкъги мискинлъула, шагIирзаби гьечIони, амма шагIирги гьечIо, халкъги ВатIанги гьечIони.

Гьезул унтиги, угьиги, рохелги, пашманлъиги, лъикIлъиги, квешлъиги, ургъелазул гъугъайги балагьалъул гьаракьги, эркенлъидул къадруги, ритIухълъиялъул къуватги, бацIцIадаб, даимаб, чIагояб гIумрудул лъугIел гьечIеб кIодолъиги, кIудияб дунялалда инсанлъун хутIизе, халкъалъул хвел гьечIев васлъун чIчIезе бугеб налъиги гьечIони, гьединав шагIир бецIлъиялъул шалаялъ вахчула, гьороца босун араб бакъвараб тIадагьаб тIамах гIадин тIагIуна, тIаде ракь хъварабго, кечI кIочон тола.

Амма... ГIали-хIажияв? Гьев батIияв вуго. Гьев даимав вуго.

Гьесие хвел гьечIо халкъ чIаго букIаго, халкъалъун гьев живгоги лъугьун вугелъул.

Гьединаб байбихьи буго Инхоса ГIали-хIажиясул асараз асир гьабураб дир рекIелъе лъугьунеб.

Жакъа дие бокьун буго, Бисмиллаги бахьун, ГIалихIажиясул тIехьалде тIаде кулизе, дирго пикраби цIалдолезе рагьизе, гьесул гIакълудул ралъадалъ, дирго росодаги рекIун лълъедезе.

КIванани кIвела, кIвечIони гIайиб гьабуге, цIалдолев. Дун гIалимчи гуро, анищчи вуго. Анищ буго Инхоса ГIалихIажиясул хIакъалъулъ дирго рагIи абизе.

**РОКЬУЛ ГЬАРАКЬ**

ГIали-хIажияв, битIараб бицани, рокьул шагIир гуро, гьев вуго гIакълудул шагIир, рокьигицин гьесул асаразулъ, аслияб къагIидаялда, гIакъилаб, гIакълу малъулеб буго.

Гьелъ дагьаб захIмалъула гьесул гIищкъудул дунял къабул гьабизе, жакъасеб къоялъул рагьараб рокьул ахIиялда гьоркьоб, гьесул рокьулъ бахчараб балъгояб къуват балагьизе ва батизе.

Мех-мехалда ккола ГIалихIажияв рокьул бицунаго свакалев вугин, гьеб гьесие гIумруялъулги кочIолъги аслияб жо гурин. Амма, гьварилъуде ваккидал, рагьун, рогьун бачIуна чIагольиялъул асар, кенчIола рагIул якъут, якъинлъула берцинлъиялъул къуват:

Макка-Мадинаялъул мукъур сурмияб микки,

Сабру лъугIун буго дир дуда бер чIваралдаса...

...Байдабазда бижулеб билбагIараб гIинтIул тIегь,

ТIулалъ бакараб цIаялъ цIуллъун вуго вухIулев.

Гьал рагIабазулъ нилъеда рагIула ЧIанкIалги МахIмудилги букIинесеб гьаракь. Гьел хадур рачIана. Амма гьезул рокьул кечI гьанисан байбихьараб бугин ккола, кьалбал гьенир руго - ГIалихIажиясул гIищкъудул ахикь.

ГIалихIажиясул рокьул лирикаялъул цоги хаслъи буго. ЧIанкIалги МахIмудилги щибаб кечI гьитIинаб поэмалъун лъугьуна, гьел дагьал халалъун ругин ккола, ГIали-хIажиясул щибаб рокьул сарин кьокьаб, цо аслияб пикруялде буссараб буго.

Рокьул мацI - рекIел мацI. Рокьул кечI - рекIел рагьи, рухIалъулги яхIалъулги бухIи, хIасраталъул хIухьел.

Инхоса ГIали-хIажияв - диналъул чирахъ, рокьул, рекIел ритIухълъиялъул бадиве хIинкъичIого валагьана. Гьединлъидал гьесда кIвана жиндир заманалда ва гьелдаса хадуб хвел гьечIолъиялъ квер босулеб борхалъиялда хутIизе, даимлъиялъул дунялалда жиндирго бакъги бакъанги цIунизе, «ГIащикъасул шигIру сабабалъе букъизе».

Балагье цо рагIабазул узданлъи, гIищкъудул берцинлъи, жугьабазул гьайбатлъи:

... ГIаданул нах гьалула, гьурмадул кьер хисула,

Кьер батIияб ретIелгун, тIохда мун теролаго.

... Балай, дир йокьулелъул кьунсрузда бугеб гугьар,

Буракьалъул гIадинал къвакIун речIчIулел берал!

Къаси бусада вегун макьу дида щоларо,

Йокьулелъул бусада сордойил дун хутIаги,

Байзатил керемалъул кверщел дида батаги.

Диналда данде вахъунгицин рокьи цIунизе цIадулъе лъугьунеб буго шагIирасул ракI.

Къуръан-хIадис мукIурай, хIурулгIинал гIащикъай,

ГIаднуялъул кIалгIабахъ Халикъасул нур гIадай.

ГIали-хIажида мехмехалъ, Къуръанги хIадисги, хIурулгIинзабиги, къурайщи мусудулги, алжаналъул рукъзалги, жужахIалъул цIаги гьадингояб жо бугин ккола жиндирго йокьулелъул кьунсрузул гугьаралда данде.

Йохъ, гьеб гьадингосеб тIаса-масагояб, гьелгьелаб балай буго, гIумруялъул аслу, асаразул кьибил буго.

РитIухълъи ритIухълъи буго. Гьеб квешабги лъикIабги букIунаро. БукIуна цо ритIухълъи.

ГIали-хIажиясул цониги кочIол кIиго гьумер гьечIо, гьеб буго цо шагIирас цо мурадалда хъвараб, цо йокьулелде, цо тушманасде яги цо гьудуласде хъвараб. Гьединлъидалин ГIали-хIажиясул щибаб жугьа жанисан кунчIараб, бечедаб, рагIабазда цIумур бараб, ритIухъаб бугеб.

Рокьул кечIалъе, ракьалда рокьи букIаго, тIадчилъи




гьабулеб буго пагьмуялъ. Цо лахIзаталъе хъварал рокьул кучIдузулъгицин.

Рокьул гьасито кIудияб буго, амма гьениб щивав шагIирасул жиндирго бакIги, ракIги, цIаги буго. Буго гьеб цIа Инхоса ГIали-хIажиясулги. Гьесдасан байбихьанин абизе ккола нилъер адабияталъул рокьул гьансито. Узухъда, халкъияб лирикаги букIана ва букIине буго.

Нилъеца бицунеб буго шагIирас гьоркь гъулбас гьабураб гьунаралъул, ГIалихIажияс хъвана:

ИчIцIул хIалихьалъун, цин бахIарчилъе,

Дагьал гIемеразул даптар бокьани.

ЦихIин хIалихьалъун, ичIцIулго цIакълъе,

ГIемерал дагьазул диван бокьани.

Рагье балагьарас гьаб гьаржидул кIул,

КIул дирго кодоб тун, кирит бан анин.

Жиндийго бегьулеб кIул балагьани,

КIвелебин рагьизе пагьму бугесда.

Гьалда художникасул гьунар абула, ГIалихIажи хIажатаб рагIул устар вукIиналда ракIчIола. «Дагьал гIемералги», «гIемерал дагьалги» - гьезуль буго кочIое кьураб пикрабазул кIиго гIорхьи – кIодолъиги гьитIинлъиги. Гьеб киналдаго тIадчилъи гьабулеб буго пагьмуялъ. Гьединаб тIадчилъи бегьула, гьелдаса нилъ рохула.

ГIали-хIажиясул рокьул сипат-суратазул нуралъул ункьабго кьер бихьула нилъеда: ихдал рохьоб хьвадулеб рас меседил бисил тIинчI, гIурччинаб тIанхил рагIдукь тIогьолъ гIураб Намирко, кIкIалабахъе чилчидулеб чабхил ицц, шамалда къвакъвадулеб къадру борхатаб мокъокь, зоб-ракьалде нур балеб багIар бакъалъул канлъи, мусудузул кьокьадул кьутIбу гIадай, кIиябго бер жавгьарул жайран, чилайдул гьалал гьурщун, гьиндалъул бахчабазде черх куцараб кавсар хIинчI. Маккаялда къвакъвалеб къубайсалъул хIахъмикки, буракъалъул гIадинал къвакIун речIчIулел берал, магIарда чанил гIадал чергесал лугбал, баккулелъул шагьримоцI - цIвак-цIвакараб дур сурат.

Нилъеда цее чIола чIужугIадан. Берцинай. Рокьуе мустахIикъай. Амма гьеб кинабго гIадада букIинаан, гIицIго сипат-сурат гьабиялда лъугIулеб букIарабани. Гьелдаго цадахъ ГIали-хIажияс рагьула рокьул жанисеб, рухIияб дунял. Гьеб буго гьесие аслияб.

ТIасан берцинай, жанисан гьодорай гьудул гьесие данде кколаро:

Гьаваялда чан чIвалеб чармил чIор гIадаб дир ракI,

Чарчараб итаркIоца копой буго бухIулеб.

РакI. РекIел хIал. Гьеле рокьул аслу. Гьеб ГIалихIажиясул рокьул шигIрабазе шартIлъун буго. Гьелъ бицуна, борцуна нилъее шагIирасул рокьул балъголъи, лъола ЧIанкIалги МахIмудилги рокьул дунялалде кьо, кьола поэтикаялъул дарс.

**КОЧIОЛ КЪИСАС**

Нилъеда лъимерлъудасаго лъала гьал рагIаби:

Будун-дибир абула, дандамаял, гьороял,

ГIонкIкIое къвачIагIанги, къулгъу жидей хириял.

ЦIивурзаби абула, цIунцIрабаца кванаял,

ЦIалул багьана батун цIогьодизе хьвадулел.

Дуда бичIчIун батила, хIурматияв цIолдолев, нилъ Инхоса ГIали-хIажиясул сатираялъул сверулъе ккараблъи. Сатира буго дунялалда бугеб квешлъиялдаса кочIоца босулеб къисас. Къисас босизе бигьаго букIунаро. Инхоса ГIали-хIажиясеги бигьаго букIун батиларо, живгоги дибирлъун вукIун, дибирзабазул гьурмалъ кочIолъ хъачIаб хъат базе. Амма шагIирасул намус сундасаго тIадегIанаб буго. КIудияб дунялалда гьитIинал, нахъегIанал ишал гьелде данде кколаро.

Гьединлъидалин намусалъул, ияхIалъул хвалченги бахьун, къаламги ярагълъун гьабун, ГIали-хIажияв гIадаллъиялде данде вахъарав. Гьесул сатира жиндирго хасаб мурадалъе гIоло хъвараб гьечIо. Гьелъулъ рагьун руго гIумруялъул гIузраби, гьелъулъ буго гIадамазул хасияталда данде кколеб, нухда заз гIадин батулеб хIажат гьечIебщинаб щущазабулеб къуват.

Ккаралъуб - нагIана, лъикIалъе - салам - гьеле шагIирасул сатираялъул мурад.

Пачаясе хIелулел, хIалихьалъи щиб нужер,

ХIаликъаб гьаб халкъалъул къисас щибас босулел?

Щаклъи ккоге, халкъалъул кьо тIаде бачIинебин,

Къисас нужер босулеб нусго соналдасанги.

У, нусго соналдасанги къисас босулеб буго, носол балгIан бегIераб гьесул пикруялъ, пикру гьечIого гьаб ракьалда хьвадулеб хIалихьатаб къавмалдаса, хIелхIелчагIазул, цIогьабазул кьокьаялдаса:

Гьедин букIана, гьедин букIинеги буго. ГIали-хIажияв кидаго гIадада кIалъаларо.

Гьесул пикрабазул цIадирабаз цIала инсаниялъе ирсалъе тезе кколеб лъикIлъиги лъугIизе кколеб квешлъиги. Гьесул пикраби «гIакълудул ралъадалъул» карачелаллъун лъугьуна.

Балагье цо гьесул рагIабазул куназ угьулеб мискинчиясул сипат - сураталъухъ:

Ракьарал хъурмаца хьорсол цIцIе гIадин.

Хьамун восун ина мун хабалалъе.

Расги гурхIичIого, чахъу гIадинан,

Чвархьан рехун тела мун лахIтуялъув.

ГIали-хIажиясул кучIдузул цIаразги бицуна гьозул мурадалъул: «Мискинчи хвеdал», «Нужум гIелму», «Гьересияв гьорол чи», «МацIихьанасде», «Бечедал чагIазде», «Гьекъел-мехтел», «Исрапчиясде», «Шаиихзабазде», «КIиго чIужу ячиналде»:

... Дур цIакъ гIолохьанаб черх, гIамал кIодолъулеб ракI

ГIадада чIагIа гьекъон чIваге, пакъир, къай чангит.

КъулчIулеб дур каршица камизарун, лъикI гурин.

Гьеб буго шагIирасул аманат. Щай? Щайгурелъул гьекъел рекъоларого гьесул хасияталда.

**ХЪАХIАБ РАС**

Дунялалъул бищунго гьунар бугел шагIирзабаз кIалъачIого гьоркь жидерго гьулбас гьабизе бегьулеб кечI буго ГIали-хIажиясул «ХъахIаб рас». Гьеб буго аваразул поэзиялъул бищунго бихьулеб борхалъиялъул цояб.

«ХъахIаб рас» гIицIго кечI гуро, гьеб буго гьитIинаб поэма. Гьелъ жанибе бачун буго инсанасул тIолабго гIумру. Гьелдасан лъала шагIирасул пикраби цIакъго кIудияб даражаялде щвараб нух, рагьула насихIатияб, пикрабазулаб, философиялъулаб лирикаялъе бугеб гьунар.

Лъида лъалареб:

РакIалъ цIакъ яхI гьабун дун вугониги,

ЯхI-къо рехун тана кьванщил расаца.

Рокьов жанив вахчун черх цIунаниги,

КъватIив чIвазавуна ботIрол караца.

Байбихьудасанго буго, лъидаго рельлъинчIеб, жиндирго кечI хьваялъул къагIида.

(Ахир -4 гьум.)

**(Байбихьи-3 гьум.)**

Нилъ лъугьуна шагIирас рагьизе бугеб бахчараб балъголъиялъул нугIзаллъун.

ГIумру! ГIумру! ГIали-хIажиясда гьеб лъикI лъала:
Замана сверула, сагIтал тирула,
Сон хехго бачIуна, херлъун ватула,
Херлъун чучун унеб черх букIаниги,
Черхалда кIал гьикъун, ракI бахIарлъула.

Гьале шагIирас пикрабазул рорженалъе куркьбал хьвагIана, кечI борхалъиялде бахунеб буго:

РакI бахIарлъунилан черх цIилъуларо,
Чорхол лугбазул гьан гургурун хадуб.
Горбол щекI цIабуцIун мугъ битIиларо,
Мугъзал гьод къулараб къо бачIун хадуб.

ГьитIинаб, амма цIакъго хIажатаб гьаб философиялдаса хадуб байбихьула унго-унгояб гара-чIвари. КочIолъе лъугьун бачIуна хъахIаб рас - аслияб герой. Гьелъул бачIиналъухъго буго цо тамашалъи.

Хьошгелди, хъахIаб рас, хабар-жо, гьобол,
Дир изну гьечIого мун кин бачIараб?
Кванцида квалквадун, каранда рештIун,
Дун хIинкъизавуни хIакъ букIинарищ?

Байбихьана рагъ... гIумруялъулги хвалилги, жакъаселъулги аралъулги, гIолохъанлъиялъулги херлъиялъулги, хиялазулги хварал анишазулги.

РештIун буго хIакъикъат, хIинкъулев гьечIо гьелдаса шагIир, нечолев гьечIо гьев хъахIаб расалдаса, хвалил хабаралде гIагар гьавулеб гIумруялъул чапараздаса.

Буго гьесул гьелде бикьизе ургъел, гьугъалеб буго хIикматаб калам:

Божилъуда бачIун, кванцилъ рештIине,
Берцинай ясалъул расинищ ккараб?
Расги нечечIого каранде лъльвине,
Кеке бугиланищ хIисаб гьабураб?

Гьеб буго жиндиего сабру кьезе кьолеб суал, аслияб рагъ байбихьилелде гьабулеб гьитIинабго хIадурлъи, борхалъуде бахунеб нухлул ахалъи:

Ясал рокьизе мун вас гуреб лъала,
Дирго кIалъай буго ракIчучиялъе.
Мехго щвечIониги мун бачIинаро,
Гьоркь бакI къачIачIелъул дун кварид вуго.

Гьоркь бакI къачIаялъул диниябги дунялалъулабги кIиго магIна буго. ШагIирасда живго вихьула, рагIула:

Гьобол чIалгIарасул чIваги халилат,
Рокьоб хIал гьечIелъул дун хIинкъун вуго.
Гьалмагъ рихарасул хваги халилат,
Бахчараб бихьизе дун нечон вуго.

«ЧIваги халилат, «хваги халилат» абурал хьандеялде сверулел рагIаби рукIаниги, дица гьел хисилароан. Щай? Щайгурелъул шагIирасул ихтияр буго жиндирго пикруялъе бегIерлъи кьолеб бугони бокьараб кьагIидаялдаса пайда босизе:

Хванцинаб бакIалде рещтIунеб бумат,
Щайдай бусен лъураб бачIун дир расулъ?
Щалай кьанцинаъуб кьинлъулареб руз,
БачIун тIад рештIиндал дир щаклъи ккана.

Щаклъи ккана гIумру гIадада анадаян, гIадамазе, халкъалъе, Аллагьасе гьелъул бутIа хутIанадаян.

ГIали-хIажица гIемерисеб рагьун абуларо, рагIабазда гьоркьоб бахчун тола. Цебе чIезабула щивав инсанасда кида-кьадги бихьизе буго хIакъикъат, ритIухъаб сурат, гьес нилъ ракьалъул гIумруялде, гIадатал гIадамазде гIагар гьарула.

Нилъеда, матIуялда жаниб гIадин, бихьизабула созазул сурат:

Гьодриниб бахчараб расхIереница
ХIакълъун чIван реххана чIегIераб нухъа.
ХIинчIакьа лъутулеб ракIтамахица
Боржине гьабуна босноса гьеду.

Гьале нилъ гьоркьоблъиялде рачIана. Нахъа тана гьитIинабго цебералъи, пикрабазул рагъуе гьабураб дагьа-макъаб хIадурлъи, рагьун бачIана сурат, гьеб сверизе байбихьана хIакъикъаталде:

Дир бетIер цIунараб чIегIереб нухъа
Рузица чIван хадуб - ахирзамана.
БотIрода бусен лъун букIараб гьеду
Боржун къватIиб араб кьиямасеб къо.

Амма шагIирасул рекIелъ хIинкъи гьечIо, хъахIаб рас гьобоплъухъ щвараб къо кьиямасеб кьолъун лъугьаниги, гьесда цIакъ лъикI лъала жиндирго къуват, къоязул багьа, кьисматалъул мурад, тIаде щолеб бугеб даимлъиялда цебесеб сабру:

Дир магIарда рещтIун цо гIузру буго,
Я гIазу лъаларо, я руз лъаларо.
Гьоркь букIараб нухъа боржун ун буго,
Я нахъ буссина гьеб, я буссинаро.

Чанго нухалъ такрарлъулел нухъа, руз, гIазу шагIирасул рекIел хIалалъул символлъун лъугьуна. Нухъа нахъ буссине гьечIебльи, узухъда, ГIали-хIажиясда лъикI лъала, кин бугониги, гьес жиндирго рекIее цоги нухалъ сабру кьола:

Гьанже магIардаса гIазу инаро,
МугIрул къуват хвараб къоялъ гурони,
ГIазу бианиги, руз боржинаро,
Бусен хараблъидал хадуб гурони.

Гьениб кочIол тIоцебесеб бутIаялда тIанкI лъолеб буго ГIали-хIажица. Суалал лъугIана, жавабалъе вачIине ккола. Амма гьеб буго цIакъго цIакъ кIудияб жаваб: рухIияб дунялалъул, рекIел мацI кIалъалеб каламалъул, камиллъи лъугIулареб къаламалъул.

РекIел динлъун, дунялалъул магIналъун лъугьуна ахиралда бачIунеб хъахIав ханасул образ, гьес зарукь къала къокъал къоязул ахирги.

ГIадада гуро ГIали-хIажияс гьесулгун бакъан рекъезабулеб, гьев живго хъахIав ханасда гIагарлъулев:

ГIазуги лъаларо, рузги лъаларо,
Хъулбузда хьвадулев хъахIав хан вуго.
Жиндехун къец бугел къиралзабиги




Къан ккун ритIун унев азнавур вуго.

ХъахIав хан - хвел. ХъахIав хан - хвел гьечIолъи. Гьеле ахир гIумруялъул, гьеле байбихьи даимлъиялъул. ШагIирасда бичIчIула гьев къабул гьавизе кколебльи, гьесда цадахъ даимаб сапаралде вахъине кколебльи, гьев чIезавизе кIолеб къуват гьечIебльи, ракьалъул нигIматаз гьев кверде восизе кIолареблъи.

**ГIАКЪЛУДУЛ РАЛЪАД**

ГIали-хIажиясул гIемерисел назмаби насихIатиял рукIиналъул нилъеца цебехунги бицун букIана. Амма гьесул насихIат киданиги чIамучIлъуларо, чIандаялде сверуларо, гьесул кочIол насихIаталъухъ гIенеккизе бокьула, гьелъ битIараб нухде ахIула, яхI-намус, чилъи, къадру-къимат цIунизе тIамула, гIадан вокьизе ругьун гьарула, вацлъиялда рукIине малъула, чIаголъиялъе ругьун гьарула, гIелму гIагар гьабула, жагьиллъи рикIкIад гьабула:

ЖахIдаяб рекIеда кIи-кIи гарацI бан
Гуребщинаб гьаби - гьебин тушманлъи.
... РекIун вукIаниги, лъелго аниги,
Лъингун гьуин вукIа, гьебин рацIцIалъи.
... ГIелму камилаб кквe, квелъ щулияб ккве.
... Киналго чагIигун хIал цолъун вукIа,
Цоясулъ халатго хутIичIеб ханлъи.
... ЛъикI рикIкIадазухъги ракI гIагарда ккве.

ГIали-хIажица цоги абулеб буго:
ГIищкъуялъ цIа рекIун цIияб бихьизе
ЦIодорлъи гIурасул рагIул пасихIлъи.

Гьеб кIиябго жугьа жакъасел шагIирзабаз жидерго гIумруялъе эпиграфлъун босизе бегьула. ГIищкъуялъул цIаги бугони, цIияб бихьизе цIодорлъиги гIунани, узухъда учузлъиларо ракьалда шагIирасул рагIи, лъугьина гьеб гьесул ишалъули рокьулги нугIлъун, дунялалъул ахIвал- хIалалъул дандерижилъун.

Цоги ГIали-хIажиясе бищунго хIажатаблъун, хирияблъун буго ВатIаналде бугеб рокьи, ракьалда бугеб налъи, тIубазе кколеб тIадаб борч:

ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,
ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро...

ГIумруялъул мацIалдаса поэзиялъул мацIалде руссинарурал гьединал жугьабазул жавгьараз берцин гьабун буго щибаб насихIатияб назму, пасихIлъиялъул чIораз кунчIизабун буго кочIол щибаб рагIи. Дунялалъул пикру гьабунагIан, гIумруялъул балъголъаби лъанагIан философиялъулаб лирика бечелъула ва гьеб бечелъанагIан асараз цIиял гIатIилъаби ралагьула.

Рагьана жиндирго хасаб лирикаялъул - насихIаталъул назмабазул чIинкIиллъи Инхоса ГIали-хIажицаги. Гьесда сверухъ буго, хIалхьи гьечIолъиялъул даимаб карачелал гьелчолеб, гIакълудул ралъад. Нилъехъе гьениса роржун рачIунел руго гIакълудул хIажатал къатIраби, кочIохъанасул гIатIидаб эркенаб гьинал рекIелъаги рачIун, нилъер ракIазулъ рещтIине. Гьел рукIинчIелани нилъ мискинлъилаан, рухI мигьлъилаан.

ГIемерисез пикруцин гьабуларо шагIирасул рекIелъ кечI кин бижулебали. Гьеб лъазе захIматаб иш буго, амма гьелъул хIакъалъулъ КIудияв шагIир кIалъалелъул гIенеккизе тIадаб буго:

Къалам, дуца шуре щакъиялдехун
Щвараб гьаб хIалалъул, хIайранлъиялъул.
ХIасрат, мунги угьа, ургьибго бичIчIун,
Араб гIумруялъухъ гIажизлъиялъухъ.

Ургьибго бичIчIун угьараб хIухьел кочIоде сверани - гьелда, поэзияйилан абула, гьеб хIухьел угьарасдаги шагIирилан абула. ШагIирасе диван къотIула гIадада арал къояз, сардаз. Гьеб бичIчIизе ккола, творчествоялъул хIикматал лахIзатал ричIчIизе ккани.

Кидаго захIмат букIуна замангун вагьизе, гьеб рагьда бергьине. Заманалъулги шагIирасулги кидаго лъугIулареб дагIба букIуна:

Дунялалъул гудур гарбидаги бан,
Гвангъарал къоязул къотIана канлъи.
Канлъуда ругьунал берзда цебе -
БакIаб хъазан гIадаб заман бачIана.

«ХъахIил зоб гIуцIулел цIвабиги хьихьун» вукIине рес бугев шагIир дунялалъул ургъелаз кIвекIула, халкъалъул унтиялъ унтула.

Халкъ - квер, шагIир - гьелъул килищ. КIудияб талихIги талихIкъейги буго гьелъулъ.

«Зодил тIири щвана щибаб логода», - гьедин хъвалеб буго ГIали-хIажияс. Нужецаго пикру гьабе космосалде щолеб шагIирасул пикруялъул. «Чарх гIадаб гIедераб дуниялалда», чархитIа нус гIадин гIумруги, кечIги, рагIиги ккун гIадамазухъе вачIарав Инхоса ГIали-хIажияв гIадамазда гьоркьов хутIана, халкъалъул рекIелъ вукъана.

Балагье цо ракьалъул хIакъалъулъ абулеб рагIиялъул дурусльи бихьизе:

Мун гIадаб бергьараб, гIадлу битIараб,
Чи бащад гьабулеб щибго бихьичIо.
Мискин, пакъир, залим, вали, наибги,
БатIа гьаричIого жанир рачунеб.

Гьединлъидалин гIумруялда гIадамаллъун рукIине кколел. Цо ракьалда гьаруна, цо ракьалде ина.
Хвалил чапар вачIун чу кьололелде
Цо гьитIинаб лъикIлъи лъай нахъе тезе.

ЛъикIлъи нахъе хутIула, лъалкI нахъа тола ватIаналъул тIалабал гIагарлъани, гIумрулъун ватIанги ватIанлъун гIумруги лъугьани.

Гьале цоги гьунаралъул борхалъи:

Гьаб Дагъистаналъул гьажалда лъурал
Рагъул чинал руго, чидай щоларел,
Чанги магIна бугев магIаруласул
МугIрузде биччараб чIухIи бихьулищ.

Гьединав магIарулавлъунги магIарулазул шагIирлъунги вуго Инхоса ГIали-хIажияв. Гьесул гьунаралъулги пагьмуялъулги чин дагъистаналъул гьажалда буго ва букIине буго.

**КИЦАБИЯЛ АЛФАЗАЛ**

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур, -

Гьаб кIиябго мухъ гурони хьван букIинчIебаницин ГIали-хIажияв магIарулазул адабияталда хутIизе вукIанин ккола дида.

Унго-унгояв шагIирас гIадада рагIи абуларо. Гьесул калам, камилаб ишлъун, гIумруялъул дарслъун лъугьуна.

ГIали-хIажиясул кочIол дарсал данде гьарун руго кIижугьабаздасан, ункъжугьабаздасан гIуцIарал кицабиял алфазаз.

кьокъал кучIдузе кьваригIуна бищунго гьунаралъул цIубай, пикрабазул рекъей, рагIуца накьищ хьвалеб, чияда релълъинчIеб берцинлъидул хатI, жанисеб кунчIи.

КIижугьабаз борцуна шагIирасул устарлъиялъул камиллъи. РагIул устар, гIакълуялъул мугIалим - гьеб кIиябго цолъун буго ГIали-хIажил алфазазулъ. Живго шагIирас абулеб буго:

Цо дир кIалъаялдасан кIиго магIна бичIчIулев
КIал пасихIав чиясе чан жавгьар гьаниб бугеб,

**(Ахир-5 гьум.)**

(Байбихьи-3-4 гьум.)

КӀиго магӀна... Гьеб ккола кочӀол аслу, аслияб мурад рагӀабазул гьатазда гьоркь бахчараб гьварилъи, жугьабазда жаниб бахчараб гӀакъиллъи, каламалъулъ лъураб лъазе кколеб берцинлъи.

КӀиго магӀнаялъулаб жавгьар кочӀолъ лъезе захӀмалъула, амма захӀмалъанагӀан гьеб хӀажалъула.
Масала, гӀакъилас гӀадан теларо,
Тушман вугониги, гӀадада хвезе.

Инсанасде бугеб рокьиялдасан байбихьула творчество, амма тушмангицин вичӀчӀиялдаса, ккараб бакӀалда тӀаса лъугьизе квербакъиялдаса байбихьула гӀакъиллъи.

«ГӀабдалгун къацандуге», - ян хъвана Пушкиница, гьелдаго данде кколедухъ абуна ГӀали- хӀажиясги:

Лъураб бугьтан рихун, хвезе вахъунге,
Пихъ гьечӀеб гьотӀода тӀил речӀчӀуларин,
ТӀадагьаб къавмалъул къил-квал цӀехоге,
ЦӀамул гьирал рецӀцӀун, гьоцӀо кьоларин.

Гьаб ункъабго мухъ ункънусго мухъалъул багьаяб буго.

У, гӀададисеб жо буго гӀабдалгун къацанди, жагьилгун дагӀбади, гьерсихъангун вагьи.

Амма... Амма гьел бергьараб заманалда захӀмат буго шагӀирасе.

Чан пайдаяб иш бугеб, жиндаса чи тӀурулеб,
Чан заралаб жо бугеб, жиб тун чи вукӀунареб.

Зарал, тӀоцебесеб иргаялда, гьезие жидеего буго, хӀалихьат жибго хӀалихьалъиялъ чӀвала, жагьилчи жагьиллъиялъ гьанкъула, гьерсихъан гьерсица гьоркьве рехула, хиянатчи хиянаталдасан хола.

ГӀумру кинго я хех, я кватӀун тола. Гьавураб къоялдаса хвалде щвезегӀан гьоркьоб бугеб нух ракьалдаги зобалаздаги кинаб букӀинебали живго инсанасда бараб буго. Гьенир я лъикӀлъиялъул иццал хутӀула, яги квешлъиялъул хьуцӀал ратула.

Инсан кантӀизавизе тӀадаб буго шагӀирасда:
Унеб буго дир гӀумру, хьонда ботӀил чӀор гӀадин,
Толеб буго дуниял, юргъачуялъ нух гӀадин.

Гьеб нухда гӀемераб жо дандчӀвала, я мун чӀвалеб, я дуца чӀвалеб.

Амма гӀумру бацӀцӀад гьабизе, гьелъул нухдаса заз-хъарахъ бакӀаризе, ганчӀал нахъе рехизе заман къваригӀуна, къуват хӀажалъула. Гьеб киназдаго кӀоларо, кӀварав талихӀав вуго. Заманалъул унтуе дару батизе ккола шагӀирас, гьелъул чороклъи чурула гьесул рагӀабаз.

ГӀали-хӀажица даим пикру гьабула гьаб дунялалда инсанасул ракӀалъе бищун хириялъул, гьеб цӀунизе ахӀула гьесул гьаракалъ.

Черх сах гьечӀониги, рухӀ сахго хутӀизе ккола, цӀар бацӀцӀадго цӀунизе ккола. Заманаялда божани, гьелъ хиянат гьабула. Амма инсанасул яхӀалъ, намусалъ хиянат гьабизе бегьуларо, къадру учузго яги хираго бичизе къураб букӀунаро.

«Мун гьитӀинав чиясда гурхӀел бугевлъун вукӀа», - гьедин абулеб буго ГӀали-хӀажияс. Гьев гьитӀинав чиясин гӀуцӀулеб гьаб кӀудияб гӀумру, гьесин цӀунулеб динги, дуниялги, ватӀанги:

«Мискинав пакъирасул къимат кӀудияб гьабе, бакӀаб хӀал дуде ккани, кумек гьесул цӀакъабин».

ГӀали-хӀажияс жиндиего цогидаздаса тӀокӀлъи кьоларо. Гьебги буго гӀакъиллъиялъул цо гӀаламат. Аслияб нух буго цо - хвезегӀан гӀаданлъун вукӀин:

Сордо-къо гӀемер буго, сапар халатаб буго,
Дун жинда разияв чи замана индал лъалев.

**КӀИГО МАГӀНА**

«Цо дир кӀалъаялдасан кӀиго магӀна бичӀчӀулев кӀал пасихӀав чиясе чан жавгьар гьаниб бугеб»,- абун хъвана Инхоса ГӀали-хӀажица. Дун щибаб сардида тӀаде кьулула гьесул тӀехьалъул тӀанчазде ва жугьабазулъ бахчараб жавгьар кенчӀолеб бихьула щибаб кочӀолъ. Гьесул шигӀрабазул даимал дарсал аслияллъун лъугьунеб заман бачӀун буго жакъа:

«ХӀамий сарин ахӀун мун сверданиги,
Дур саринальъ хӀамил хӀал хисиларо;
...Гьересияв гьорол чи чидае басралъула,
БитӀараб биცаниги, божи гьечӀев вукӀуна;
...РекӀелъ жахӀда ккурасда жамагӀат божуларо.

...Хвалил агьвалазулни ургъел дуда чӀваларин,
Мун анив телин абун, аятищ духъе щвараб?
Дуде щвараб иргаялъ инсан хабалъ лъеларин,
Лъай-гӀакълу батанани, къачӀазе гӀамал гьабе.

...Дуца нахъе танани, тушманас босун унеб боцӀул ургъелги гьабун, ахират щай кӀочонеб?

...БетӀергьанасде гуреб хӀелун гьари гьабуге,
Гьесдаса хӀинкъарав чи халкъалдаса бергьунин.

...КъвачӀа-тӀилго рекъараб, ракъул хӀал бергьанани,
КъабихӀаб пиша гьабун, рагьтӀателлъун чӀезегӀан.

...Бихъ-бихъараб тӀагъур лъун, тӀутӀураб ретӀел ретӀун,
Черхалда нацӀ баниги, цӀар буго гӀалимасул.
ГӀарцулъе тӀерхьинавун, тӀаде ярагъ баниги,
ТӀунцурхӀамилгӀанасеб сси гьечӀо жагьиласул.
… Бусурманав инсул капурал лъимал,
Кинаб наслуялъул рижарал нужго.
ГӀантаб гӀанкӀуялъул гӀададал ханал,
ГӀакълу кьезе варис восилев киса?

Дунялалъул гудур гарбидаги бан,
Гвангъарал къоязул къотӀана канлъи.
Канлъуде ругьунал берازда цебе,
БакӀаб хъазан гӀадаб, заман бачӀана.



…Щобде гочунаго, чабхилъе ккараб
Чанил тӀинчӀ гурхӀила аб дир хӀалалда.
ГохӀде бахунаго, хӀарщулъ хутӀараб
ТӀинчӀаб най гӀодила дир гӀумруялда.

ГӀали-хӀажил щибаб рагӀи гӀасруялъул къадада къабгӀараб къури гьечӀеб магӀ гӀадин буго, гьесул кечӀалъ пикраби камил гьарула, калам гӀакъил гьабула, гьунар чӀухӀизабула.

Аллагьас къуралда гӀейги гьабун гӀодове вуссине, сабру гьабизе лъаларев чиясда бицараб рагӀул пайда гьечӀо, гьесие щиб щваниги щиб къуниги, гӀоларо.

Дагьаб гӀемераблъун бихьизе кӀвей талихӀ буго, гӀемераб кидаго дагьаблъун бихьи даимаб талихӀкъосин буго.

Бечелъизе бокьун, машгьурлъизе бокьун, гӀадамаз гӀумруялда гьабизе нахъе хӀалихьалъи толаро.

БечелъанагӀан хӀалихьалъула, хӀалихьалъанагӀан бечелъула, Бечедги кӀочон тун, бечелъиялъе какал рапел хутӀула, цо-цо гӀадамазда цӀакъго- цӀакъ лъикӀго ругин кколел чагӀи даимаб квешлъиялъул кверщалиль рукӀуна.

Гьединлъидал ГӀали-хӀажица абулеб буго:
Надиль гӀетӀ цӀиричӀеб боцӀухъ балагье,
Багьана дуйги щун, щиб кколебали.
Щакльи гьечӀеб далил, дуда гьеб бичӀчӀа, -
Гьобо гӀадин дунял даим сверулеб.

Нилъее баракат щваяв БакълъухъаКӀудияс абун буго: «РахӀатаб жо буго мискинлъи»,- абун. Амма гьеб бичӀчӀизе ккани, цохӀо ракьалъул гӀумруялъул гуребги пикру гьабизе ккола, гьоркьо-гьоркьовниги хабалазухъги валагьизе ккола.

Хвалил пикру гьабунщинахъе гӀакъиллъи цӀикӀкӀунеб гьечӀони, гьев чиясул киданиги гӀакъил вахъунаро.

Нахъеги гӀенеккилин ГӀали-хӀажихъ:
Хвалил хиял гьабуни, черхалъуль гӀенеккани,
ГӀакълу камилас дунял дандего гьабиларо.
Ай байтулмал дуниял, дудасан гьечӀеб пайда,
Гьабулаго гӀумру ун, гӀазаб цӀикӀкӀин гурони.

Яги дунялалъул хӀакъалъулъ:
Дудаса чӀухӀарасда чӀолохъжо хехго бала,
Хиралъун мун ккарасда къо-мех лъикӀан абула.
Дур ричӀарал каваби макруялъул ратула.

Квана-гьекъолеб ризкъи - кьоритӀа лъурал мугьал.

ТӀубараб гӀумруялъ дунялги хачан, чанги чагӀазул магӀуги бичун магӀишатги гьабун, щибниги цадахъги босичӀого, хачадилаго унелги, Аллагьас ракьалда къуралда гӀейги гьабун, ракьалда гьоркь щвезе бугелда божиги лъун, намусги напсги цӀунун рукӀаралги рекӀунеб ахираб цӀулал чу цо букӀин буго цӀакъ кӀудияб талихӀ.

Нагагьлъун хвелгьечӀолъи бичун босизе щолеб букӀарабани, щибдай гӀадамаз жеги цоцазе ургьилаан, гьадигӀан пайда гьечӀеб, шагӀирас абухъе, «гьоболасул рукъ гӀадаб, гьогьомизе гьоркь чӀараб гьветӀалъул рагӀад гӀадаб» дунялалда даимаб жахӀдаялдаги жужахӀаб рагъдаги ругел.

...Гьалагаб ралъдада полоп кинигин,
Пикраби цӀикӀкӀиналъ, мацӀ кӀочон буго.

...Кваназе квенги кьун гӀорцӀизавидал,
ГӀасилъун ккана дун дир Аллагьасде,
РетӀине ретӀел кьун вохизавидал,
Хилиплъана дир черх БетӀергьанасде.

Астагъфируллагьин абун пайда щиб,
Жаниб бугеб дир ракӀ бухӀун гьечӀони,
АбичӀогоги дун кинан вукӀинев,
Квешабщинаб гӀамал гӀемер бугелъул.

Дуе рецц, БетӀергьан, бетӀерги ракӀги цоцалъ рекъараб гӀумру кьуралъухъ, хӀалалаб чадил бакъвараб кесекалде тӀаде тӀокӀкӀараб, бацӀцӀадаб, цӀорораб лъим гьекъезе иццал къине течӀелъул, гьезул тӀагӀам тӀагӀунарел жугьаби дир кочӀолъ цӀунаралъухъ!

Дуе рецц, БетӀергьан, ритӀухълъиялъул тӀутӀураб ретӀел букъизе кӀолел шагӀирзаби рижаралъухъ!

ЧӀарбида тӀадги лъун турулеб дур черх
ГӀассилъиялде ин буго гӀаламат.
БецӀаб лахӀтуялъуб рецӀцӀулел берал
ХӀарамалде балай - кӀудияб хӀикмат.
Хвалил хъарчигъаялъ хъат бараб мехалъ
Калам толеб дур кӀал кӀалъай - тамаша,
Йокьарай чӀужу тун, лъимал-хъизан тун,
Къокьине кколесул чӀухӀи, гӀададллъи.

Гьаб, ГӀали-хӀажица абухъе, бугеб мехалъ, мехалъниги гӀамалалъул гӀададлаб мехтелалдасаги вигьун, мунго духьгоги валагьун, дунялалъул ахӀихӀурги рикӀкӀад гьабун, гьайбатал зобалазухъги валагьун, гьунар чорокабщиналда цӀунулев, цӀар бацӀцӀунев вукӀине ккола шагӀир:

Чан чӀухӀарасулдай михъал хӀулана?
Чан бахӀаралъулдай гьалал турана?
Чан гӀалимасулдай гӀелмудул керен,
Дуда жаниб бачун, ракьде буссараб?
Чан устарасулдай меседил кверал,
Каранда тӀадги лъун, хӀуруй руссана?
Чан чӀухӀарав хандай, пахрулъи цӀакъав,
Жиндир сихӀ-махӀ къотӀун, жанив турана?
Чан гӀакъиласулдай рекӀел хиялал,
Хвалица хӀор гьарун, духъе руссана?

Гьадинал пикрабазул чӀумал щибаб кьойил къоцӀул цӀализе ккола.

...ГӀакълу - дур чӀагольи, чӀухӀи - дур сури,
Сипат гьабунани, нурги бецӀлъиги.
Лъай бугез гьанкъулеб, къо гьечӀез кколеб,
КъватӀул гьой гӀадаб жо гӀамалкӀодольи.

...Лочнол гьумер гьунин, гьадил гьунаралъ
Гьулдухъ рахчун ругел хӀанчӀи ккеларо.

БитӀараб буго, ГӀали-хӀажица абухъе, «цо гӀакъилаб рагӀиялъ гӀадлуялде рачуна, цо тӀамураб кицаялъ канал берал рагьула».

Кицилъун лъугьарал мухъазги, Аллагьасде вуссун хъварал алфазазги, гьунаралъул месед тӀад бекьарал кочӀол хӀурупазги цоги нухалъ нугӀлъи гьабула Инхоса ГӀали-хӀажи хӀажалъичӀеб къо аваразул адабиялда букӀине гьечӀолъиялъе:

...ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого, лъилъе, нилъ гьечӀого, хур.
...Лъураб бугьтан рихун хвезе вахъунге,
Пихъ гьечӀеб гьотӀода тӀил речӀчӀуларин.

ТӀадагьаб къавмалъул къил-квал цӀехоге,
ЦӀамул гьирал рецӀцӀун, гьоцӀо кьоларин.
...Унеб буго дур гӀумру, хьонда ботӀил чӀор гӀадин,
Толеб буго дуниял, юргъачуялъ нух гӀадин.
Чидай хӀелиялдаса вакъи рекъон букӀуна,
ЯхӀ тун тириялдаса мискинлъиго рикӀкӀуна.

Дица Инхоса ГӀали-хӀажи рикӀкӀуна гьаб ракьалда рижарал шагӀирзабазул бищун гьунар тӀокӀал шагӀирзабазул цоявлъун, дие, шагӀирасе гӀадин, хирияб буго гьесул гьаб васият.

Мун гьитӀинав чиясда гурхӀел бугевлъун вукӀа,
Горбол гьод къулун хадуб къо кинго кколин гьесде.

ХӀежалъул гьветӀалда тӀад тӀагӀамаб пихъил гӀадаб
ТӀегьалеб гӀумру бугин гӀисинал гьал чагӀазул. ...
Мискинав пакъирасул къимат кӀодого гьабе,
БакӀаб хӀал дуде ккани, кумек гьесул цӀакъабин.

Бечелъиги, бечедал чагӀиги, тӀадчагӀиги реццараб цониги мухъ дида Инхоса ГӀали-хӀажил асаразулъ батичӀо. Гьелъги нугӀлъи гьабула гьев бищун лъикӀал шагӀирзабазул цояв вукӀиналъе.

ИНХОСА ГIАЛИ-ХIАЖИЯС 180 СОН ТIУБАЯЛДЕ

Инхоса ГIали-ХIажи

# Макка бахъиялъул турки

АлхIамдулиллагь, Аллагь, тIолго рецц Дуе буго,
ХIамдлъун бугеб милкалъул Малик Мун тарав гьечIо.
Цинги салатгин салам Аварагасде буго,
Агьлугин асхIабзаби гьесда кIочон тун гьечIо.
Макка шагьар бахъизе гIилла щибан гьикъани,
ГIин тIамун бихьея, халкъ, бицинин нужедаго.
Аллагьасул расулас инсул росу босараб,
Сабаб лъазе бокьани, лъай гьаб тIехь киназдаго.
ХIижаз гIарабиязул кIиго кьибил букIараб,
Цояб бану бакрулал, цинги хазагIатилал.
КIиябго кьибилалда цо-цо гьудул вукIарав,
Цоцаде, мех-мех бихьун, хьвади гIададлъун ккарал.
Цо къоялъ гьав бакрулав, базаралде къасд гьабун,
Божилъиялъ рещтIана жан хазагIатиласда.
Божун вачIарав гьудул хатир хун теларилан,
Цеве лъугьун вилъана яхI бугезул нухдасан.
Туканалда гIагарлъухъ бакрулазул квешав вас,
ХIетIе жиндир хъущтIидал, ХIабибасде хьандана.
Гьеб хьамиялъ ракI унтун, кIутIун нахъе балагьун,
ЛъикIав хазагIатилас кIалъай берцин гьабуна.
Жиндир керен унтизе квешаб хьами гьабидал,
Кинго ракI хIалхьун чIечIо, хIалалда бакрулав тун.
ХIабибасда рекъечIеб вири-вара бициндал,
Варанидул махIабаз ччухIун лъуна, ццим бахъун.
БетIер бухун бакрулав борхьазе ракьулъги лъун,
Кодоса давла гьабун, дурун рокъове щвана.
Рокъове щун, гIодов чIун, чIужуялда бициндал,
Баркала кьун, квер босун, салам гьабун баана.
Гьединаб гьеб хIалалда квана-гьекъон рукIаго,
Квешаб хабар бачIана бакрулазул бодасан.
Нижер бодул багьаяв багьадур чIван кьаникь лъун,
Кьо нижеца рукIкIани, кьасаблъаги нижер гьан.
Набиясе хIал кьолел бану хазагIатилал,
Боял гьарун къачIана бакрулалгун рагъизе.
ХIабибасде хьандарав хIалихьат чIван чIечIони,
Теларо нуж Аллагьас бокьанщинаб гьабизе.
КIиябгоги бояльул бер цоцада речIчIидал,
Бану хазагIатилаз мугъ бана Маккаялде.
Бакрулазул бояльул кутак цIакъаб батидал,
Аман гьарун рортана хан Абусупяниде.
ТангIималде данде ун, дов Абусупяница,
Жиндехун гIарз бахъидал Маккаялде рачана.
Маккаялъул ханзаби данделъун, диван гьабун,
Дарун-Надваталда тун, божи аман гьабуна.
Гьединаб гьеб хIалалда бальго тIагIатги гьабун,
Бану хазагIатилал берцинго жанир чIана.
Маккаялъул агьлуги, кьер-кьераб квенги гьабун,
Ригь бихьун тIаде хьвадун, хIалае цадахъ чIана.
Гьезул хабар рагIидал, хадубго чабхъен гьабун,
ТангIималда рещтIана бакрулазул аскарал.
Нижер тушбаби хьихьун телариланги абун,
Рахъ-рахъалъан рещтIана Супяниде русулал.
Искандарил сад гIадин маххуца къараб кьотIи,
Биххизе разилъана, бакрулал тIаде щведал,
Гьезул чагIияздаса чараго гьечIеб гIадин.
Чучун ккана сардида рицIимахIаби тIерен.
Цеве вилълъун нух бацIцIун, хадур бакрулал рачун,
Сордо бащалъилалде рещтIана ХIарамалда.
Сардида цIогьод унел цIуял бацIал гIадинан,
ЦIаруцIун гьорлъе ана гьапуллъараб гIужалда.
Дарун-Надват абулеб диван рукьалда жаниб,
Божигун аман хвана, хазагIатилал чIвана.
Хиянаталъ куцарал бакрулазул илбисал,
Абусупянгин цадахъ жал мурадалде щвана.
Къурбаналъе хъвехъулел хьахIал куйдузул гIадин,
Хьата-масан кьотIана мискинзабазул бутIрул,
Хьвадарулев катибас кагъат басунеб гIадин,
Рас-расана хучдуца хвелалде цере курмул.
Огь, дир каранзул бухIи бахIарзазул хвалида,
Хиял гьечIеб рахъалъан регьун тарал балагьал.
Цинги хIухьладул хехльи хIал гьабун гьурараздa,
ХIабиб хиралъунилан хвалчаца кьотI-кьотIарал.
Бакъ-моцIалъул гIадинан цIар рагIарал бахIарзал,
ЦIан рехьерхьун рехана авлахъалде хьурмазе.
ЦIар бугел гьунаразул гьел хазагIатилазул,
КIихIиго чи хутIана хIажалъидал харбие.
КIиявгоги багьадур авлахъалде рахъиндал,
Цоцазда зигар гьабун, аскIор рукIун гIодана.
ГIагаразул бидуца партал бельун батидал,
Цо гIенеккун, цоявас ахIун магIу гьабуна.
Аллагьасул къадарал кьотIизе кIвечIониги,
Гьаб къадаралъе сабаб живго Авараг вуго.
Кьо щварал нахъе толеб гIадатго гьечIониги,
Нилъ руссине рекъараб досул Мадина буго.
Гьединаб гьеб къасд гьабун кьварилъи тIаде босун,
Сордо-кьоялъ чIечIого рещтIана ТIайбаталда.
ТIайбаталде жал щведал, ТIагьаясул бакI цIехон,
Хваралги ракIалде шун, рещтIана азбаралда.
Сах бугеб гьумералда кIутIун берал речIидал,
КIиявгоги гIодана рахIмат щвеялде хьул лъун.
ХIабибулагь хьвадухъе хьвадулеб нур бихьидал,
Хьолбода гIодор чIана гIагаразухъ ракI унтун.
Пурман кьеялде балан кIалъана кIиявгоги,
Агьлуялъе гьабураб бицана щибабгоги.
РукугI гьабун, какал ран, тIагIаталда рукIаго,
ТIаде кIанцIун, квер биххун, хьвехьана киналгоги.
ГIенекке, ХIабибуллагь, хIакъав Бичасул расул,
Кьварилъи тIаде щварал щиб хIалалда хьвадилел?
Мун какарав бакрулав цо нижерас чIванилан,
ЧIва-чIван ранин сардида, кирехун ниж рильлъинел?
Харбидаса кIиявго ратIалъун хадусала,
Угьун хIухьелги биччан, ХIабиб гIемер гIодана.
Гьезда тIаде бачIараб балагьалъул цIакълъиялъ,
БухIараб магIу чвахун, гIодоб чIабар буцана.
Гьединаб гьеб кIудияб балагь тIаде бачIиндал,
Макка агьлуялдехун аман гьарун кин инчIел?
Гьеб залимаб къавмалъул заралалда хIинкъидал,
Абусупянидехун ахIи бан кин рортичIел?
Макка агьлу гуреца гьаб нижее гьабичIо,
Абусупян таравас тущбаби тIаде гьечIо.
Божи гьабун хадуса хиянат ракIалде ккун,
Хвезе гьарун гурого гьел рокъоре руссинчIо.
Цоцада хьатги кьабун цингиги Аварагас,
Маккаялде балагьун ахIун гьаракь гьабуна.
ХIалихьатал гьунарал хIалхьезегIан гьареян,
Абусупянидехун щцин бахъун гаргадана.
АбулхIасанги ахIун, кагътал хьвана кирего,
Кагъат щун хадусала щва диде тIадейилан.
Гьал хазагIатилазе къисас босун гурого,
КъватIив вахъун хадуса нахъе вуссинарилан.
Шагьру рамазаналъул тIоцебесеб кьоялда,
РачIине байбихьана баркат бугел аскарал.
Рамазан бащалъараб замана бачIинегIан,
РачIунелго кьотIичIо кьогин сардил сагIаталъ.
Данделъарал боязул хIисаб лъица гьабилеб,
ХIал бугеб аскаралъул сияр кинан бицинеб?
Мурадисил ГIабасил, ХIассиниде тIаде ун,
ХIалбихьараблъачIесулкеренкинанлъикIлъилеб?
Лъабкъоялда анцIила кIиго цевехъанасул,
АнцI аза-азаргIаги къулдабазул бо гIуна.
Къвал бан гьалбацIал кколел гьазизабазул чуял,
Чабхъен гьабун, махх букъун, Мадинаялде щвана.
Мадинаялде щведал чуяздаса рещтIана,
Чадралги чIван киналго рагIалда гIодор чIана.
Лачен тIаде щвелалде тIанчIазул берал гIадин,
Мухтар вачIунеб нухда балагьи даимлъана.
Мухтарасул рокъобе бодул хабар рагIидал,
Кьокъана хехго тIаде асхIабзабиги рачун.
Аллагьас квегъун кьураб бодул кутак бихьидал,
Хьимун велъун вохана, Бичасе щукру гьабун.
Мугъамираздa аскIор ансарият херхана,
Хазражгин дол авсилал ахIун данде гьаруна.
Надул ягIсуб гIадинан асхIабзабазда цеве,
Анлъабго рахъалъ нур бан, Авараг тIаде щвана.
Аварагасул кьокъа къачIан тIаде щвелалде,
Къулдабиги тIад ретIун, мухъал гьарун рахъана.
Мухтарасул камиллъи киназдаго бихьидал,
Накабазда хIал гьабун, хIатIикьа ракь баана.
Зобалазде хьатал ккун, дугIа жинца гьабуна,
Гьаб дир баркат бугеб бо давла щун бохагиян.
Гьеб жиндир дугIаялде бодуца амин абун,
РигьтIа нахъе вуссана хекко къачIазейилан.
Хьатамасан рокъов щун, къачIазе къасд гьабуна,
Гьаракь берцинав Билал ахIдезе тIамун ана.
Зулпукъар ГIалихъе кьун, къазиб ГIумарихъе кьун,
КьотIи цIакъаб цо хвалчен жиндагоги борчана.
Рукъалъул агьлуялда кьо лъикIилан абуна,
Кьварилъи тIад батарал тархъан гьарун риччана.
ХIажалъидал жиб балеб зобалазул цIад гIадин,
Пашманлъарал рухIазул хIалал хьезе гьаруна.
ГIажаиблъи, хIикмалъи, ХIабибасул гIакьиллъи,
ХIал квешал тушбабазде досул доб бахIарчилъи.
Жаниб рекIел цIодорлъи, кIал мацIалъул пасихIлъи,
КIудавщинав чиясул досиесеб мукIурлъи.
ГIали, ГIумар, ХIамзатил досда аскIоб загIиплъи,
Зубайрил гьунаралъул гьавгин цадахъ хIакьирлъи.
Валидил вас Халидил, дов вихьидал хараблъи,
ДихIятул Калабилги данде ккедал коцокълъи.
АхIламул бариятас ХIарам бахъулеб лъайдал,
ХIатIиб абурав асхIаб ватIалъун рокъов ана.
БатIа-батIаял боял ТIайбаталде рачIиндал,
БатIхIаалде битIизе бальгояб кагъат хьвана.
Кагъат кодоб битIизе кисандай чи щвелаян,
ХIисаб гьабун, хIал хисун, ХIатIиб къватIив вахъана.
ХIабиб тIаде щвелалде щулалъун чIечIонани,
Щиб кьодай бихьилаян къурайшияхъ гIодана.
Маккаялда йижарай, жамалалда рекIарай,
Жарадатан абурай цо чIужу тIаде щвана.
Мадинаядда ругел гIагаразде балагьун,
ГIемерай кватIичIого, нахъ юссуней ятана.
Жарадатил хIур бихьун ХIатIиб тIаде вахъана,
ХIал бицараб цо кагъат гьалалъ хьухьун битIана:
"Мадина гьаргьадулеб чуязул боги бачун,
Чабхъен гьабун, Авараг нужехъе унев лъана".
Бальго гьабун рисалат босун щвезабуралъухъ,
Меседал кодоре кьун, нух битIаян йитIана.
Нухлул халалъиялда варани юргъизабун,
Гьалазда гьорлъ гьара лъун, ургъел тун нахъ юссана.
Жиндирго гIакълуялда кьваригIел тIубазабун,
ТIадвуссун рокъов щвана мискинаб хIалалъ ХIатIиб.
94 инхоса гIали-хIажи
ХIатIибил хабар босун тIасан ЖабрагIил вачIун,
Жив ургъалилъе ккана СултIан МухIаммад ХIабиб.
АбутIалибил ГIали, ГIавамил вас Зубайир,
Гьашимияб гIашират ахIана Аварагас:
Хадур ун, я асадал, ккве нужеца Жарадат,
Нилъер дин босичIони, гьечIин долъие халас.
ХIатIибица гьабураб хIиллаялда тIад рекъон,
Кьокъун ана Жарадат, жаза данд битIун гьабе.
Бичасул ХIабибасе хIилладуй хьвараб кагъат,
Гьалалда кваличIого, кодобе кьеян абе.
Лабайкилан жаваб кьун, жив кIиявго вахъана,
Жидедаго мальараб цIакъ разилъун гьабуна.
Хирияв вацгIаласухъ гIазизал рухIал ричун,
Тулпаразул квелъ чучун, байдан кьотIун кьокъана.
Рехун араб чIор гIадин хадур гьурал лучнуца,
Мухтарасул хIакъ тIубан, нухда Жарадат ккуна.
Аварагас бицараб цо сирруялъе гIоло,
ГIалица изнуги кьун Зубайир гаргадана.
Зубайрица чIухь биччан кодоб кагъат батичIо,
Жарадатил макруялъ квегьана Абулкъарму.
Макру гьаби захIмалъун, Зубайир гукки бакIлъун,
КIалъана АбулхIасан, гьабуна чIвазе гIазму.
Риче гьалал, Жарадат, чучун кканин мун нижей,
Чарамул хвалчен кьабун, кIи кьотIун рехичIого.
Бахъе гьалалъа кагъат, лъан бугебин нижеда,
Кквe дуца АхIмадил дин, дурго рухI бахъичIого.
– Я, дир кIудияв Сайид, садатазулги амир,
Гьаб дир бальгояб хабар дуда кинан бицараб?
ХIатIибилгун данд бараб диваналде ваккизе,
Дудагойищ хIал кIвараб, ХIабибасищ бицараб?
– ГIазаб кьеяй, Жарадат, божуларей мун кинай,
Жабраиласул саййид нижер Аварагасда.
Малаул агIлаялда гIаламат расихлъарав,
Исрапиласул саййид СултIан МухIаммадида?
Исламалъул жадуца жаниса ракI цIезабун,
Мехтизаюн Жарадат жиндирго нухда ана.
ХIатIибица битIараб рисалат кисинилъ лъун,
Жалут чIван Давуд гIадин, давла щун нахъ руссана.
Кагъат кодобе щведал кинабгоги жамагIат,
Жиндирго масжидалде ахIана Аварагас.
РачIун данде щванщинал щущ бан, кIалъан лъугьана,
Щиб гьабизедай руго данде ахIарал нилъ ас?
РачIун чагIи тIагIиндал минбаралде вахана,
Аллагьасе рецц гьабун тIоцеве гаргадана.
КIиабизе жиндирго даражаби рицана,
Лъабабизе халкъалда хитIаб гьабун кIалъана:
– Айюгьаннас, гьал чагIи, нуждайин дун вугев,
Дир мурадалде мункир, вахъа эхеде, лачен.
96 инхоса гIали-хIажи
Аллагьасул Расулгин рагъ гьабизе бокьарав,
Щив бахIарчи гьевали, бахъе кватIибе хвалчен...
Киналгоги бахIарзал цоцахъ балан хIинкъана,
ХIатIибил керемалда аклаталъ ругьнал лъуна.
Аллагьас Расуласда бальгояб бицунеблъи,
Куллу вахIидасдаго хIакъикъаталда лъана.
КIальачIого вукIани, лъан тIокIкIарав Авараг,
КIальан калам гьабуни, рельанхъулел гIадамал.
КIиго балагь тIаде щун, гьоркьов тIамураб мехалъ,
Гьабилесеб жо тIагIун хутIана ХIатIиб-батIал.
– ХатIалъанин, Авараг, тIаса лъугьа дидаса,

(Ахир - 7 гьум.)

# Макка бахъиялъул турки

**(Байбихьи - 6 гьум)**

ХIатIиб дуй къурбанлъанин, хъве дуца дурго кверalъ.
Юсуп аварагасул инсап тарал вацазда,
Цере чIун мукIурлъидал, гурхIанин хIалимлъиялъ.
Берзул магIу гIедерав гIаламалъулго парчахI,
Чвахун унел бералгин, балагьана ХIатIибихъ.
– Самавияб хIукму щун, ихIатIат дирлъизегIан,
ХIал хьезе гьабе дурго, гьечIин ихтияр нилъехъ...
АсхIабзаби гIодана, гIадамал зигардана,
Равзаялъул жамагIат гIакълуялдаса ана.
Пашманаб хIал тIаде щун, ХIатIиб рокъове ана,
Рукъалъул агьлу ургъун, къан хIобода вухьана.
ЧIалуе хIал къун чIараб хIуби гIадин цIан витIун,
ХIатIибица биччана вакъун-къечон замана.
Гьесул загIиплъи бихьун, гIалимзабиги ритIун,
Йокьулей чIужуялъул чIезесеб бакI лъугIана.
Аллагьасул рахъалъан, ХIатIиб хвасарлъанилан,
Мухтарасул рокъобе рохалил хабар щвана.
Цеве ГIалиги гьавун, гIалимзабиги ритIун,
ХIатIиб хвасарлъиялъул, рохел бицун виччана.
Гьанже хадуб гьардарас гьабуна бодул низам,
Аллагьас жиндидаго илгьам гьабураб куцалъ,
Кинабго бода цеве Мурадисилан гьавун,
Багъаргъун биччан тана, цо гьапулаб сагIаталъ.
Багъаргъун унеб чабхъен гьалбацIазда бихьидал,
Гьазизабазул махI лъан, хIинкъун лъутизе лълъвана.
ХIабибулагь, Жанмурад бодул бакьулъ вихьидал,
Рокьи гьабун, нахъ руссун, сверун чIун балагьана.
Бану салимилазул азарго рекIарасе,
Саламат къибилалъул ГIабас бетIерлъун тана.
Манинатан абураб цогиги тухумалда,
Мазанияв Мунзирал НугIман наиблъун тана.
Бану тамимилазул ч IухIараб къукъаялъе,
Жидерго жаниса жан ХIабисил АкърагI тана.
БанухIумайрилазда, жиндир сурати гьабун,
Жабраил вахIюлъулев ДихIятул Калаб тана.
Бану кандатилазул кутак бугеб боялда,
Багьадурлъи камилав Асвадил Микъдад тана.
Бану назирилазда Музарил лъималазда,
ГIабдуягьусил валад ГIатIият тIад гьавуна.
Хазражгун авсилазул ансарияб кьолбода,
Кьалда жанив лебалав Абул-Гьайшам гьавуна.
Цинги Хазражилазул цойги боялда тIад,
ТIагьаясе жив вокьун, Жабир абурав тана.
Бану гьипарилазул гьалбацIазе амирлъун,
Гьорлъе жуван жив унев Абузарар гьавуна.
Бану сакьипилазул абтIалазе имамлъун,
ИбнумагIсуд абурав гIелмудал керен тана.
Сапикъилазул къокъа къачIан тIаде щвелалде,
Ясарил вас ГIаммаргун бану гIабасал щвана.
ГIаммарил кверaлдасан кутакаб гьунар лъугьун,
ТIолго халкъалда жаниб бакъ гIадин загьирлъана.
ГIабдулманапилазул гIакълу бугеб къавмалда,
ГIабасил вас жан битIрикъ Пазлу бетIерлъун тана.
Гьашимияб къокъагун къурайшияб бо бачIун,
ТIолгоязе имамлъун АбулхIасан витIана.
Лъабкъоялда анцIила кIийиде бахинегIан,
Гьаб тартибалда буго боял гьаруураб хIисаб.
Балагьарал гIадамал гIажизлъулеб куцалда,
РикIкIун араб хIал бицун кIалъана дуда китаб.
ТIайбаталдаса рахъун цо кIкIалахъе щвелалде,
ТIад гIунтIулел рихьула байрахъазул цо боял.
Мурадисил ГIабасил гIакълуялда нахъ рилълъун,
Багъарун араб хIуралъ бакъул нур свинабурал.
Расуласе салам къун, рекIун щварал рещтIана,
РекIаразул кIудияв Мурадисилав щвана.
Цо дагьав гьесда цеве ХIассин абурав наиб,
АнцIго гьалбацIги бачун, гьорлъе вачIарав лъана.
ГIабасил бо щваралъуб щуго байрахъ букIана,
Щуялъулго бищараб жиндирго кверaлъ ккуна.
КIиабизесеб байрахъ Сапваница босана,
Лъабабизесеб байрахъ ЗахIагил кодоб кьуна.
Ункъабилесеб байрахъ Зайидица босана,
Зарар квешаб къавмалда, кIал гьикъун, цеве чIезе.
Щуабилесеб байрахъ ХазагIатилас ккуна,
Хвалдаса хIинкъичIого хIал квешал чагIи чIвазе.
Байрахъал парпазарун парисиял гьалбацIал,
Гьунадул бакънал гьарун, шигIру ахIизе лъвана.
Берцинаб сарин ахIун, Авараг вохизавун,
ВадигIаспан абураб цо бакIалде рещтIана.
МухIаммадил кверaлда камилаб салам гьабун,
ТIолго азнавурзаби эхеде рахъун чIана.
Дур кьерилав ГIабасил анцIазарго бо гIедал,
АнцIилъ хIасрулъиялда ХIассиниде кIалъана.
Капураб заманаялъ, кутакаб боги бачун,
Кибехун рагъ кканиги вагъизе унев ХIассин.
Исламалъул нухалда Аллагьас гIовитIидал,
АнцIго чи цадахъ гьавун вачIине нечечIев кин?
Цингиги гIодилаго ХIассин цеве лъугьана,
ХIабибасул кверaлда салам гьабун баана.

Дир бицараб рагIуда гIин тIаме Мухтарилан,
ГIодовехун гIенеккун, гIузру бицун лъугьана.
– Мун халкъалде рахIматгун витIарав АллагьасхIа,
ХIассинида дур ахIул баянаб хабар лъачIо,
Лъарабани, Авараг, дирги улка-ракьалъул,
Къоазаридасаги тIокIлъичIеб бо букIинчIо...
ХIассинил боялъеги, бодул хвалчабазеги,
Цебе хьат ккун Мухтасарас лъикIаб дугIа гьабуна.
ДугIа гьабун Авараг рокъове инеги тун,
ГIабасил хIасад бергьун, хIал бихьун тIаде ана.
ГIабас тIаде вачIиндал кIодо гьавизейилан,
КIутIун тIаде вахьана, бахIарчи лъикIав ХIассин.
Дур кIодо гьавиялде дун хIажалъун гьечIилан,
ХIассинида цщин бахъун, загьир гьабуна батIин:
– ХIабибасда аскIов мун, бо гIемерлъиялдалъун,
ГIабас балан вукIаго, кIалъазе бегьиларо.
БахIарчилъи бергьарав Мурадисил васасда,
Данде парислъун чIезе дур пурсат рекъеларо.
– ТIагIса лака, я ГIабас, дуе басралъи щваяв,
Дун гIадинасдайищ мун гьаг гьавун гаргадулев?
ХIассинил цохIо хвалчен, дуеги дур бодуйги,
Данде гIунги тIокIлъилин, тIаде кин вахъунарев!
– Аллагь, Аллагь, дир вакил, гьалагьлъун хваяв ХIассин,
Хандакъалъул къояца лъарав дун гIадамазда.
ТIолго церехъабазул ракIал хIинкъараб къоялъ,
КъвекIаб цIум гIадин чIарав ГIабас вихьарав дуда.
– Те дуца жибго, ГIабас, гIадада хвараб рагIи,
КигIан мун кIалъаниги, кIоларин божун чIезе.
Рехсоге дуца дие хандакъалъул хабарал,
ГIалил хвалченалдаса мунго лъутарав лъазе...
Цинги кIудияв ГIабас борхалъудеги вахун,
АхIун гьаракь гьабуна данделъараб боялде:
– ХIассиница абураб ургьимес хвараб рагIи,
АхIизин нужедаго рахъа киналго тIаде.
ГIалил хвалченалдаса хIинкъуларев бахIарчи,
ХIарамлъаги ячарай, дир беразда вихьичIо.
ХIайдарида данде ккун, мугъ баларев багьадур,
Щар ккаги чIужуялъул, рагъда жанив ватичIо.
ТIолго бодул бахIарзал цойидасан кIалъана,
ХIассиниде гIайиб щун, ГIабас ритIухъ гьавуна.
ГIаликьа хIинкъун лъути гIайиблъулеб батани,
БахIарчилъун рикIкIине чи гьечIилан ахIана.
ГIалил гьунарал рикIкIун нилъ цере рахъинаро,
Лъугьанщинаб бицине мацIалда хIалкIеларо.
Бицине кIвар бугелъул, кIиго-лъабго рехсани,
РакIалда лъай бугесда лъачIого хутIиларо.
Хайбаралда гьавурав ягьудияв МархIабил,
ГIамру абурав улан кIихIи кьотIун рехана.
ГIамирияб кьолбода лъугьарав цоги ГIамру,
ЧIван, тIаса ччукIел бахъун, нахъвуссун тIаде щвана...
ХIассин, чодрониве ун, чуги кьолон рекIана,
Чарамул ярагъги бан, вагъизе къасд гьабуна.
ХIал бихьараб хвалчен бан, хIижазияб чу рекIун,
ХIадураб асад гIадин, данде ГIабасги ана.
Рохьор гьалбацIаз гIадин, гьваралал гьаркьал гьарун,
Такъия къулдабигун, данде кIиявго щвана.
Балада би бетулел балагьалъул хвалчаби,
Рахъун, цоцада кьабун, къиямасеб къо чIана.
Цоцаде сарин ахIун, сунареб рагъ гьабуна,
Сверун ругел боялги балагьухъе хутIана.
Чодрохъе гьаракь рагIун, ГIалиги цадахъ вачун,
ХIабибулагь тIаде щун, батIа-батIа гьаруна.
ХвечIого хутIиялда кIудияб щукру гьабун,
КIиясулго кверал ккун, цоцада цузаруна.
Исламалда куцидал, капураб гIадат гьабун,
Квеш хьвади жибго теян, вагIза-хабар бицана.
Цинги курмул цузарун, цоцада къвал базабун,
Рекъезарун къавутIе, вацал гьарун, ритIана.
Даимаб гьудуллъигун гьуинаб рекъел лъугьун,
ХIабибасе хIалги къун, рагъда цадахъ хьвадана.
Гьанже ГIаспаналдасан къокъана цебе къукъа,
Къулдаби тIад ретIарал, бакъул нур босун унел.
Къокъабазда церехун гьаруна аздагьаби,
Цщин бахъун тIаде гъуни, гьалбацIал тIутIун ралел.
Гьединаб гьеб хIалалда, унеб бакI бицинчIого,
Пирхараб пири гIадин рещтIана ЖухIфаталда.
Малайкзаби данделъун диванал гьаризегIан,
Лъабго сордо-къо бана Микъаталъул бакIалда.
ГIемерисеб боялда унеб бакI бичIчIичIого,
КагIбул Малик витIана ТIагьаясда гьикъизе.
Маккаялде унеблъи хIаладе балан бичIчIун,
ХIадурго тIаде щвана бода рохел бицине.
Цингиги Мухтарасул магъущ ахIдезе лъвана,
Маккаялде балагьун боял рагьарейилан.
РабигI, ЖухIбат жибго тун, Микъаталдаса рахъун
Бакъани мех щвелалде щва нуж ТангIималдеян.
ГьутIби чIвазе бачIунеб мачIаб накIкIул цIер гIадин,

ЦIар бокьарал васаца цIана чIахIиял боял.
ТангIималде гIагарлъухъ, ГIаишатил масжидухъ,
Сверун лъугьун рещтIана ХIабибасул аскарал.
Найил зузуй гIадинаб, зобалазде бахунеб,
Хиямада жанир чIун тасбихI-тагьлим гьабуна.
КIи-кIи, лъаб-лъаб цIа бакун, чадрал гвангъизареян,
Жабраилул амин щвей Аварагас бицана.
Цояб мегIералдаса цогиялде ирга щун,
Бакараб бодул цIаялъ гвангъана мугIрул-щобал.
Дунялалда рагIичIел гIаламатал рихьидал,
Тункун ургьалил цIуна иман гьечIезул ракIал.
Данделъарал сараял Супянида рихьидал,
Сирруялда рикIкIана шакваялъул шигIраби.
БецIаб сардилъ ракарал цIаязухъ хал гьабидал,
ХантIан кьерги босун ун, сорозе лъана лугби.
Искандаралъул малик, мисри-къибтIазул къутIбу,
Мукъавкъисил хIал ани, хIинкъилароан дир ракI.
Лавул СибтIил бо ани, ТIибраниялъул парччахI,
ТIутIун инароан таж, телароан тах, мулк, бакI.
Шамгин АнтIакияталъ тIад гьаврав Гьирикълил,
Гьал боял ругелани, ургъелго ккелароан.
ГIажам, ГIиракъ, пурсазул Кисри Ануширванил,
Шавкат кодоб къуниги, кIварго гьабилароан.
Румазул хан Къайсарил къасд диде бугеб ани,
Къарал бералги рагьун дун валагьиларoан.
МухIаммадан абулев вахIю рещтIунев Сайид -
Сорон ккана дир лугби, долгун ватилевилан.
Абулкъасим маликлъун Мукъавкъисица къураб,
Бугълаталда тIад рекIун, вагъаргъун ана ГIабас.
Ругьел бан чи витIизин гьашимияб кьолбоде,
Бергьун тIаде щун вугин дир вац ГIабдуллагьил вас!
ГIурцIмадаса гIодов лъун, ГIабас гIенеккун чIана,
ГIарабияб кечI ахIун Абусупянги щвана.
КIиго нукарги вачун, мунсиринаца витIун,
Мадиналде къасд гьабун, къаси тIаде вачIана.
ГIабасгун Абусупян – басриял гьудулзаби,
Цоцазе якъинлъидал, къвалал жемун хурхана.
Хадуб хъваяб гьудуллъи, гьитIинго ккараб рокьи,
Миллатал хисаниги, холареб букIин лъана.
КIиявгоги гьудулас калам-кIалъай гьабуна,
ЦIадул, бодул хабарал цIехон баян босана.
Ярагъ-матахI кодоб ккун, нукарзаби нахъе гьун,
ГIабасиде балагьун Абусупян кIалъана:
– Я, дир кIудияв ГIабас, ГIабдулмутIалибил вас,
Гьав дур вацасул васас кибехун гьаб бо цIалеб.
Гьал кIудиял боязул дидехун къасд батани,
Дир гIазизаб рухI дица кибехун лъун цIунилеб?
– Я къурайшазул хIама, ХIарбул гIакълу гьечIев вас,
ХазагIатилал гьури гьаралъун ккараб дуе.
Дир вацасул васасда дур батIулал жал рицун,
ТIасан Жабраил вачIин гIечIо дие рекIее...
– Дур вацасул васасда бальгояб жо лъалеблъи,
ГьанжелъагIан, я ГIабас, лъазе хIал кIвечIо дида.
I06 инхоса гIали-хIажи
Дунялалъул гIатIилъи къварилъун кканин дие,
Дур лъикIаб гIакълудал квелъ бай дирги бетIералда.
ХIабибасул гIурцIмада цIан вахъун ХIарбул вас лъун,
ХIинкъадго ана ГIабас Аварагасда тIаде.
Абусупянил махI лъан, ХIайдар чодрохъан ваккун,
Гьабуна зарпаб гьаракь, чIа мунан Дулдулалде.
ГIалил гьаракь рагIидал, гIурцIмадул къуват хвана,
Абусупянгин ГIабас гIодоре роргун ана.
Пунщун араб хIохьелалъ, рохь цIа гьун бухIиледухъ,
Цщин бахъун, АбулхIасан хIадурго тIаде щвана.
АбулхIасан тIаде щун кIалъай гьабилелдего,
КIиявго гIагарлъана гIакълуялдаса ине.
ГIабасил тIагъур бахъун, хъахIаб бетIер бихьидал,
ГIалица халас къуна Мухтарасухъе ине.
Аварагасда аскIов Абусупян вачIиндал,
Исламалде ахIана, би хIалаллъунгутIизе.
ХIалалъ кIал мукIур гьабун, ракI цадахъ хьвадичIого,
Нифакъалда къвалги бан, къокъана ахIи базе.
Цинги Аварагасда досул мунафикълъи лъан,
Жиндирго гIурцIенги къун, ГIабас хадув витIана.
Мун хадув гьолеб мехалъ хвалчада квалквадани,
Я, АбулхIасан, абун ахIейилан малъана.
Абухъе хадув къокъун, Абусупян къан ккуна,
Къараб чалмаги бичун кIигъуждулъан вухьана.
Аварагасул аскар кIал гьикъун кIалъазегIан,
Нухда тIадехун вачун, тIил гIадин чIезавуна.
Цинги Расулуллагьас боял данде гьаруна,
Бодул церехъабазда амру-нагьяю гьабуна.

**(Ахир -8 гьум.)**

# Макка бахъиялъул турки

**(Байбихьи -6-7 гъум.)**

Абусупян какараб, Расулуллагь веццараб,
ШигIру ахIун цересан къотIун аян малъана.
Цебесеб тартибалда, тамашаяб куцалда,
Киналго бутIрул ана Аварагасда цере.
Жиде-жидер бутIрузде мутIигIлъун, хадур рилълъун,
БатIарикъалги ана Супянида бадире.
Сахрул гъумер-кIалалде байрахъал гьесизарун,
Унел боял рагIани, берал гьечIел гIодила.
РахIматалъул Авараг унеб сипат бихьани,
Рахъун, мехтун, хIал бергьун, хIатIал гьечIел кьурдила.
Гьаваялдасан унеб хIинчI хIулулеб бакънаца,
ХIарбул Сахрул каранда квешал ругънал гьаруна.
Капураб аскар цIалев АбухIанзалатида,
ЧIухIараб буртузул бо бергьун цебеса ана.
Къокъаби тIагIун хадуб, цодагьаб мех иналде,
Борхана тIаде цо хIур тIолгояб кIочон тараб.
ХIур бикьиялде балан бакьулъе хал гьабидал,
Батулил бетIергьанчи вуго дов Абутураб.
Абутураб абулеб ГIалида исму буго,
Батулги досул чIужу ПатIиматил цIар буго.
I08 инхоса гIали-хIажи
БухIараб хIухьел буго, ахIулеб шигIру буго,
Чодул кьолода жаниб кьурдулеб чIухIи буго.
ЦIадул цIвагIан багIараб кIиябгоги бер буго,
МагIарзухъан бурулеб, накIкI гIадинан кIкIуй буго.
КIудияб бетIер буго, рицатал хIатIал руго,
Риз баккараб рохь гIадин, тIад чIегIераб рас буго.
Эхеде балагьани, борхалъи хвезабула,
ГIодовехун вуссани, дунял хIакъир гьабула.
АбтIалазул хвалчаби махсароде гуккула,
Ханзабазул улка-ракь ирсалъе бахъун кьола.
Бергьарал аздагьаби басра гьарун квегъула,
Кутак бугел гъалбацIал тункун цере къотIула.
РакIалда нипакъ бугел гъаза гьабун гъурула,
КIалалда инкар бугел асир гьарун рацIула.
Бадире ралагьани, гьайбатлъи-камиллъиялъ,
РухIал рахъулев вакил Малакулмавтин ккола.
Гьаркьиде гIенеккани, гIинзуниб зунун иналъ,
НакIкIуе гIазаб кьолев РагIдул малайкин ккола.
Жиндир кIиябго квералъ цо-цо байрахъ ккун буго,
Чода тIад чIун хIатIаца бухъун балеб ракь буго.
Жинда релълъарав гъалбацI дунялалда лъугьинчIев,
АбтIалазулги бетIер МуртазагIали вуго.
Рехсараб гьаб сипатгин СултIан ГIалиги ана,
Абусупянил лугби сири щун тIуртIудана.
Цо дагьаб мех иналде борхатаб хIурда жанив,
ХIайдар кIочон тезавун МухIаммад тIаде щвана.
Хадуб бугеб боялъул хIисаб-низамго гьечIо,
ХIабибасда нахъгIунтIи Аллагь гуресе гьечIо.
АбулхIасанил къвакIи, ХIайдарил бахIарчилъи,
МуртазагIалил гьунар ТIагьаяс кьечIеб гьечIо.
Мухтар вачIунеб мехалъ цадахъ рекIун рачIарал,
Малайкзабазул боял рикIкIине хIал кIвеларо.
ХIабибасухъ балагьун чIарал хIурулгIинзаби,
Нусазарго ясалъухъ гьезул цо рас кьеларо.
Гьаваялда хIанчIаца данделъун мухъ гьабула,
Гьашимил Башириде шигIру ахIун цIалдезе.
ХIутI-хъумургиму женал жанир ургъун рекъана,
ХIабиб жидехъе щведал жергъен кьабун кьурдизе.
ТIолго хIурулгIинзаби зобалазде рахана,
ГIаишатил вокьулев жидедаго вихьизе.
Фирдавсалъул мусудул Сидраталде рахана,
Хадижатил росасул сурат берцинлъи лъазе.
Макка бахъулеб къоялъ, къана чIегIераб чалма,
Жиндир сиядаталде далалатлъун букIине.
Чалмаялда рекъараб тана эхебе цо рачI,
Сиядаталде балан бергьарав вукIин лъазе.
ХъахIаб чалма жибго тун, чIегIераб чалмаялъул,
ГIаламат, хIикмат буго, хIинкъа мун, Абусупян.
II0 инхоса гIали-хIажи
Жиндир тIанчIи гъурараб гъалбацI гIадин ццин бахъун,
Анин Авараг духъе, лъе иман, гьаре аман.
БагIараб гIакъикъалъул, гIурччинаб дибажалъул,
Ункъабго бокIоналда Къуръаналъул хатI хъвараб.
Жавгьар-якъут бекьараб, накъиш гьабун хьухьараб,
Жиб бихьарал беразе бакъ гIадинан гвангъараб.
Нажашияс битIараб гIажаибаб цо байрахъ,
Цогидал байрахъалгин, борхана гьаваялде.
Ункъабго рахъалдасан анцI аза-азар богин,
Ункъо малаик щвана Аварагасде тIаде.
Нажашияс битIараб байрахъ тIибитIун биччан,
ТIаде балагьун шигIру ХIассиница ахIана.
ШигIруялъул балагъат маблагъалде бахиндал,
Мухтарасул такбиралъ малайкзаби тирхана.
БецIбагIарал чуязул богун Жабраил вачIун,
ГIасакиразул бакьулъ Расулги къокъун ана.
Эбел-эмен лъан хадур лъимал угьдулел гIадин,
Авараг тIаде щведал Абусупян гIодана.
Супяниде балагьун дагьав хьимун велъана,
ДугIа гьабун, хIеренлъун, гурхIизе къасд гьабуна.
ГIабасидехун абун, асир вичун виччана,
Ургъел тIаде щвелалде иманги лъун витIана.
Маккаялда гъоркьехун КъугIайкъигIан абулеб,
Халид абурав асхIаб, хвалиде гIищкъу бергьун,
Хвалчен бахъун вортана нахъ вуссинареб хIалалъ.
Халидил хабар рагIун, ГIикраматан абурав,
Абужагьалил цо вас вагъизе данде лъвана.
ГIикраматил квенчIел ккун, ГIамрул Сагьлу данде къан,
Къайсил ХIаммад аскIов ккун, Сапванги цадахъ ана.
Жиндир насихIаталде тушбаби руссинчIелъул,



Халидил хиял лъуна гъеж гурун гъорлъе ине.
Халидил бахIарчилъи жидедаго бихьизе,
ХIурулгIинзаби ана, зодосан балагьизе.
Кьолоде тIаде гьетIун, гьаракь кIудияб биччан,
Векерун гъорлъе ана кваназе унев гIадин.
Капуразул горбода квер гьорозегIан кьабун,
ГIикраматил цIуяб бо, хъамуна цIани гIадин.
«Аман, Халид!» ахIана хIал бергьараб мехалда,
«КигIан нуж ахIданиги, аман дица кьеларо.
Аллагьасул Расулас амру гьабун бахъараб,
Хвалчен лъалиниб лъезе, Халидида лъаларо».
КIицIул тIаде ритIарал Расуласул русулал,
КIалдир мацIал хилиплъун ахIдана Халидиде.
Лъабкъоялда анцIго хан чIван къватIахъе рехидал,
Къурайшазул садатал рортана ХIабибасде.
ГIемер ниж квешлъаниги, гIагарлъиялда гурхIун,
Халидил хвалчадаса хвасар гьаре, МухIаммад!
Шамалда тIагIун гIадин, тIибитIараб дур кьалалъ,
Кьолбода цIа гъун бугин, свинабе дуца, АхIмад!
Къурайшияхъ ракI бухIун гIемерав гIодилаго,
ХIасан-ХIусенил эмен ахIун тIаде вачIана.
Халид хилиплъун кканин, хвалчен кодоса бахъун,
Нахъе квералги рухьун, вачейилан витIана.
АбтIалазул бутIрузда ругънал гьарулеб гъалбацI,
Мухтарасдаса хIинкъун вортана Халидиде.
Бичасул Аварагас амру гьабураб куцалъ,
Асир гьавун, ккун вачун, щвана кIиявго тIаде.
Мискин Халид хIинкъана, ХIабиб къварилъун ккана,
РитIарал чапарзаби тIаде ахIун кIалъана.
Рагъ тейилан ахIизе дуца ритIанщинахъе,
ХIакъаб кIочон, кIалдиб мацI мекъса сверун батана.
ТIасан вахIю вачIана, хIакъикъат бицун кьуна,
ХIабибасе Халидил хилиплъунгутIи лъана.
УхIудалда ХIамзат чIван къварилъи щвараб къоялъ,
Гьабун, кIочараб къотIи ракIалде щвезабуна.
КIочон тараб вакъигIат бицун кодобе кьедал,
Аллагьасе рецц гьабун, суждаялда жив ккана.
БетIер тIаде борхидал Халидилан ахIана,
Абу Сулайман абун тIокIцIаралда кIалъана.
Лабайкилан жан Халид векерун тIаде ана,
Каранде къан, ХIабибас баун салам гьабуна.
Дуйги дур боялъеги давлат даимлъагиян,
ДугIа гьабун, Халидил ракI бохизе гьабуна.
Маккаялъул кIалгIаби малайкзабазул цIуна
РакIалда инкар бугел бакI-бакIалде рехана.
Абусупянгун цадахъ ислам бокьанщинав чи,
Аварагасде рачIун, бусурманлъун руссана.
Маккаялда наиблъун Абусупян гьавуна,
Иман лъечIев квешасул, керен сунн, ракI бахъана.
КагIба рукъалъул нуцIби рагьун жанив лъугьана,
Жанир ратарал хъанчал рахъун къватIире рана.
Гьаблул агIла абулеб кIудияб хъанчидасан,
ГIалиде данделъана марадатазул боял.
Аварагас малъараб дугIа жинца гьабидал,
Дунялахъ рихун ана гIирпитазул аскарал.
Жиб бижаралдасаго би гIодоб тIечIеб ХIарам,
Бидул гIорал риччана ХIабибасул хвалчаца.
Цо чиясда ругъун лъун, гъара лъугьинчIеб Макка,
Гъурун вабаъ биччана асхIабзабазул боца.
Хъанчалъе лагълъи гьабун хъублъи ккараб КагIба рукъ,
Каримасул хвалчаца чурун бацIцIад гьабуна.
Чорокаб гIамал гьабун, гIадада хвараб Макка,
ГIалимзаби жанир тун, дарсал цIалун гIуцIана.
ГIадлу-диван тIибитIун, тIавафул вадагI гьабун,
Маккаялъул къавмалда къо-лъикIилан абуна.
ГIасакирал хадур цIан, усарал цере къотIун,
Ансариялгун ТIагьа ТIайбаталде вуссана.
ХIабибасул хIакъалъулъ хIалкIун бессараб сарин,
ХIакъикъат бичIчIичIого чIоразе гIужлъун гъоге.
ГIали-хIажияв ургъун рекъараб гIажам мадихI,
ГIараб гурилан абун, мугъалде нахъе ккоге.
БидгIаяб жо бугилан бадигIалде абуге,
Бардатул мадихI лъалес лъачIесе кици тIаме.
ТIагьаясул гьунарал гьоцIолъун ккарав чияс,
Цо дагьаб кIалдиб хъвани, хъантIун гIемер чIамила.
Ахир холеб къояца эменлъарав дир саййид,
Аиматазул хатим, халкъ сверун лъвараб КагIба.
Шамил АхIмадил гъазилъиялде дунги ваче,
Хварал гIадамазулги гIемерал вацал руго,
РакIалде щун гурого кIалалъ рехсон лъунаро.
Юсупил МухIаммадги ХIайдарбег-хIажиявги,
КIиявго хIибру хведал хIухьелго цIороларо.
Жавгьар гIадаб гьаб назму низам хун цIаличIого,
СагIидил ПатIиматид тIаде ун малъизабе.
ПатIиматида аскIоб тIокIкIун батичIеб рагIи,
ГIабдулхIалим-хIажияв хIакимлъун ккун лъазабе.
ГIарабалдаса босун балъго тараб таржама,
Муъминзабазда жаниб жинца загьир гьабурав,
ТIагьаясул агьлулъун гьаве гIузрияв гIалим,
Аллагь гурхIун цIунаги НурмухIамад-хIажияв.
РахIматалъул Авараг рехсезе вирдал гьаре,
Доб рахIмат бикьулелъул рохизе нилъер ракIал.
Ракьалда нилъ рукIаго салат гIемераб битIе,
Салам кьун щвараб хвелалъ гьоцIо тIезе мацIалде.
Дунял холаресухъ тун, ХIабиб хазинадуй тун,
Цересел нилъер вацал гьабго нухдасан анин.
Жиндехун бичIараб кIал, гIажамалъ бугониги,
ГIадада хунгутIизе ХIабиб кIалкъулав вугин.

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1500
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.